ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЬАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№58 (22.716) ● 2014 гъэм гъатхэпэм (мартым) и 26, бэрэжьей ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр соми 3-щ ●
adyghe@mail.ru
adyghepsale.ru

КІУЭКІУЭ Юрий:

Къэбэрдей-Балъкъэрым и унафэщІхэм я мурадщ спортым зегъэужьыным гулъытэ хэха хуащІыну

Республикэм и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъхьІэ зыгъэзащІэ КІУЭКІУЭ Юрий «Зэкъуэтынигъэ» спорт клубым апхуэдэу щыжиІащ, Іэпщэрыбанэ зауэмкІэ спортым и мастерхэм удостоверенэхэр щаритыжым.

КъБР-м щыІэ МВД-м и СОБР-м и офицерэу, дунейпсо чемпионхэу Мырзэкъан Азэмэтрэ Бесльэней Нурмухьэмэдрэ «СпортымкІэ дунейпсо класс зиІэ мастер», абыхэм я гъэсакІуэхэм «Урысейм щІыхь зиІэ и тренер» цІэхэр фІащащ.

КІуэкІуэ Юрий къыхигъэщхьэхуакІащ боксер цІэрыІуэ, СССР-м спортымкІэ щІыхь зиІэ и мастер Амщыкъуэ Чэрим зэфІэкІышхуэ зыбгъэдэлъ спортсменхэр гъэсэныжмкІэ, щІэблэр физкультурэмрэ спортымрэ дегъэхьэхьныжмкІэ куэд зэрилэжьар.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхуащ Іапх Іэ.

● КъБР-м и Парламентым

Зэрылажьэр къапщытэ

КъБР-м и Парламентым и Унафэщым деж щыІэ Жылагъуэ советым и зэІуІэ екІуэкІащ гъатхэпэм и 18-м.

ЗЭІУЩІЭР кьыззІуихащ икІи иригъэкІуэкІащ КъБР-м и Парламентым и Унафэщым и къуэдзэ **Боэий Натбий**. КъБР-м и къэрал властымрэ щІыпІэ самоуправленэхэмрэ зэІуэхуэ зэрылажьэм и гугъу щащІащ абы.

Печатымрэ цІыхубз коммуникацэхэмкІэ къэрал комитетым и департаментым и унафэщІ **Гыллыев Ахьмэт** кьызэхуэсахэр хигъэтъэуэащ дп республикэм хьыбарегъащІэ Іэхуэщ Іапх Іэ 64-рэ зэрыщыІэм, абыхэм ящыщу 29-р кьэралым зэрейм. Газетхэмрэ журналхэмрэ кьыдокІ я бжыгъэкІэ мин 80-м нэблагъэу. Апхуэдэуи Гыллыевым жиІащ гъэ кІуам «РИА Кабардино-Балкария» хьыбарегъащІэ агентствэр кьызэрызэрагъэпэщар. Департаментым и унафэщым зэрыкІамкІэ, ди республикэм и хьыбарегъащІэ Іэнатіэхэм зауэжь, ахэр йофІакІуэ. Абы и щыхьэтщ КъБР-м и радиор жащ махуи лажьэу зэращар, газетхэр щхьэжьелъыкІэу кьызэрыдагъэкІыр. КьыщынэмыщІауэ, хьыбарегъащІэ Іэнатіэхэм я лэжьыгъэр мыйейуэ Интернетым и Іэмалхэмкіэ кьагъэлъагъуэ.

Жылагъуэ советым хэтхэм телевиденэ каналхэм я лэжьакІэм хуащІа дагъуэхэм ящыщу концерт куэдыІуэ кьызэратыр. Ахэр гъэмащІауэ ди республикэм и цІыху пажэхэр, лэжьакІуэфІхэр кьагъэлъэгъуэныр, къэрал кІулыкъущІхэм я псалъэ жылагъуэм нэхъыбэрэ зэхращагъэхьиныр нэхъ тэмэму кьалытэ. Газетхэм яхуэгъэзауэ жаІащ республикэм, цІыхубэм я щыІэкІэ-псэукІэм арэзы укьэзымыщІу, лъэпощхьэпо хьууэ хэль ныкъуасныгъэхэм ятеухуа тхыгъэхэр нэхьыбэу кьытрадзэн зэрыхуейр.

КъБР-м лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьныныгъэмкІэ и министр **Тюбеев Альберт** и гугъу ищІащ закьыхуэзыгъазэхэм лъэныкъуэ куэдкІэ зыщІагъакьуэу зэрылажьэм. Апхуэдэуи министрым жиІащ 2009 гъэ льандэрэ Интернетым кьыщызэрагъэпэща сайтыр цІыхубэм я Іуэху еплъыкІэр кьалытэу унафэ зэмылІэужьыгъуэхэр кьащтэныжмкІэ сэбэт зэрыхъур. Я лэжьыгъэр щІэзыгъэпсыщІащ, министрым зэрыжиІамкІэ, дзыхь зрагъэз телефонымкІэ цІыхуэхэм зэрадзІэпыкьур. Иужьрей илъэситхум кьриубыдэу абыкІэ цІыху минипщым нэблагъэ псэльащ. Я мурадхэм я гугъу щищым, Тюбеевым жиІащ зи унафэщІ министерствэм и лэжьыгъэм теухуа хьыбар кьыщащІэн киоскхэр цІыху зэхуэсыпІэхэм щагъэувыну зэрамурадыр.

КъБР-м и Профсоюзхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщІ **Амщокъуэ Фатімэт** жиІащ Іуэхуащ Іапх Іэ кьэс яІэ хьуа пресс-Іэнатіэхэм унафэщІхэр цІыхухэми хьыбарегъащІэ Іуэхуащ Іапх Іэхэми нэхъ пэІэщІэ ящІу кьызэрыщыкьхыр. Апхуэдэуи Профсоюзхэм я зэгухьэныгъэм и сайтыр зэІуэхауэ зэрылажьэр кьигъэлъэгъуащ.

«Горячка» газетым и редактор нэхъыщхьэ **Кьаныкьуэ Заринэ** кьыхигъэщащ пресс-Іуэхуащ Іапх Іэ псори зэхуэбгъадэ зэрымыхъунур, зи лэжьыгъэр зыгъэзащІэмрэ зымыгъэзащІэмрэ зэхагъэкІыпхъэу кьызэрилытэр. Арэзы укьэзыщІу лажьэхэм я щапхъэу Кьаныкьуэм кьигъэлъэгъуахэм ящыщу Парламентым и пресс-Іуэхуащ Іапх Іэр.

КъБР-м и Парламентым и Унафэщым и чэнджэщэгъу **Бэрэздж Анатолэ** кьызэхуэсахэр жигъэгъуэзащ 2013 гъэм и жэпуэгъуэ мазэм КъБР-м и Парламентым и Унафэщым деж щыІэ Жылагъуэ советым УФ-м и Президентым Федеральнэ Зэхуэсым Зэрызыхуигъэзам ипкъ иткІэ кьащта «Дыкьэзыуухуереихь дунейм и щыІэпс хьугъэфІыгъуэхэр хьумэнымрэ егъэфІэкІуэныжмкІэ» унафэр гъэзэщІа зэрыхьум.

ЩОМАХУЭ Залинэ.

Гуфіэгъуэ зэІущІэм зыкъраГъэхьэлІащ Сэхъурокъуэ Хьэутчи, Фырэ Руслан, Бэчыжь Лейлэ, Нуан Пётр.

Нэхущ Викторие унэ Іункіыбзэіухыр ирет Хъущт Фатімэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и щІэныгъэ центрым Прикладной математикэмрэ автоматизацэмкІэ и институтым и пщІантІэм иджыблагъэ щекІуэкІащ гуфІэгъуэ зэхъуэхъэ. Ар теухуауэ щытащ институтым и лэжьакІуэ ныбжьыщІэу 20-м псэупІэ зэрыратам.

ЩІэныгъэлІ ныбжьыщІэхэр псэупІэ екІухэмкІэ къызэрагъэпэщ

● Хъыбар гуапэ

«ПСЭУПІЭ 2011 - 2014» федеральнэ программэм хэту кьраГъэжьа унэр зэман кІэщІым яуХуащ, илъэситым нэблэгъам зэфІагъэуващ. Къатинуэ зэтет, зи пэщхэр кьызыхуэтыншэу зехьа унэр езы институтым и пщІантІэм дэтщ.

Іуэху дахэр дайыгъыну, унэ зратахэм екъуэхъуну зэІущІэм зыкъраГъэхьэлІащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ **Фырэ Руслан**, Налшык кьаІэ адміниграцэм и унафэщым и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ **Къуэдзокъуэ Мухьэмэд**, абы и къуэдзэ, къалэм и архитектор нэхъыщхьэ **Кхъуэлуфэ Иринэ**, ЩІэныгъэхэмкІэ Урысей Академием и КъБЩІЦ-м и унафэщІ **Нуан Пётр**, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **Сэхъурокъуэ Хьэутчи**, ЩДАА-м и вице-президент **Бэчыжь Лейлэ**, Прикладной математикэмрэ автоматизацэмкІэ институтым и директор **Нэхущ Викторие** сымэ, нэгъуэщІхэми.

Йпэу псальэ зрата Фырэ Руслан Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ КъуэкІуэ Юрий кьыбгъэдэкІ псальэ гуапэхэр щІэныгъэ лэжьакІуэхэм яжриІащ. Апхуэдэу фырэм фІыщІэ яхуищащ жэрдэм дахэр кьыхъэныгъэхьахэмрэ абы зи гуащІэ тезыгъэкІуэдахэмрэ икІи кьыхигъэщащ щІалэгъуалэм я лэжьыгъэкІи я псэныгъэкІи я Іуэхур куэдкІэ нэхъ тынш зэрыхъунур. Фырэр щІэныгъэлІ ныбжьыщІэхэм ехъуэхъуащ адэкІи зэфІэкІ лъагэхэр яІэну, республикэм и цІэр фІыкІэ зыгъэІуи щІэблэ кьахэкІыну.

- Кьыхэзгъэщыну сыхуейди республикэм иджы япэу мыпхуэдэ Іуэхугъуэ гуапэ зэрыщекІуэкІыр, - жиІащ Йуан Пётр. - Абы мыхьэнэщхуэ иІэщ щІалэгъуалэм я гупэр щІэныгъэм хуагъэзэныкІэ. Математикэмрэ информатикэмрэ щІэныгъэ псоми кьыщыщагъэсэбэпкІэ, абы дихьэххэр нэхъыбэхукІэ, ди щІыналъэм егъэджэныгъэм зэрызыщиужьынум шэч хэлъкъым. ИкІи нобэрэй Іуэху дахэр щапхъэу кьэлыытапхъэщ.

Илъэс 20-кІэ Зеикьуэ кьуажэм нэс кьикІыуэр лэжьащ псэупІэ зрата, физико-математикэ щІэныгъэхэм я кандидат Нэхущ Маретэ. Абы кьелъытэ гъэзэум зэман куэд текІуадэу, иджы ар лэжьыгъэм хухихьнущ. Зи гуфІэгъуэ махуэхэм ящыщт Ольховик Оксанэ и унагъуэр. Абы жиІащ 2006 гъэм кьыщыщІадзауэ фэтэр зэрыщІэсыр. «Дяпэкі э ди Іуэхур куэдкІэ нэхъ тынш хъунущ, гъэзэум тфІихь зэманымрэ кьарумрэ щІэныгъэм тедгъэкІуэдэну Іэмал диІэ хьуащ», - жеІэ илъэс куэд щІауэ Аушыджэр кьуаажэм кьикІыуэр лажьэ физико-математикэ щІэныгъэхэм я кандидатЕфэнды Беслъэн.

Апхуэдэу псэупІэ зратахэм ящыщщ Балъкъыз Жыраслъэн, Хъущт Фатімэ, Дмитриченкэ Дмитрий, Къудей Залинэ, Мамчуев Мурат, Лосэн Фатімэ, Нэхущ Заремэ сымэ, нэгъэущІэхэм.

КъырхьалІакъэми фэтэр зратахэми пэш кІуэцІкІэр зрагъэлъагъэуащ, псалъэ гуапэхэмрэ хьуэхъуэмрэ зэжриаІащ.

ТАБЫЩ Динарэ.



Къуэдзокъуэ Мухьэмэд и хъуэхъу.

Унэ зрата ныбжьыщІэхэм сурэт зытрагъэхащ.

● Зэпеуэхэр

Егъэджакіуэ нэхъыфІыр къыхах

«2014 гъэм и егъэджакІуэ» урысейпсо зэпеуэм и щыпащэу Іыхьэр Налшык щыІэзэхуащІыжащ. Абы я Іэзагъэмрэ зэфІэкІымрэ щагъэлъэгъуащ кьалэм и курыт школхэм я егъэджакІуэхэм ящыщу 26-м. Іыхьищу гуэщащэ екІуэкІа зэпеуэм унэтІыныгъэ зэхуэсмыдэхэмкІэ щыхуэныкъо бжьыпэр щаубыдащ.

АПХУЭДЭУ «Ильэсым и егъэджакІуэ» хьуащ Налшык дэт гимназие №29-м и пэщІэдзэ классхэм щылажьэ Къуэшыкъуэй Ларисэ, «Класс унафэщІ» унэтІныныгъэм бжьыпэр щиубыдащ курыт еджапІэ №32-м щыІэ Тлэш Кристинэ. «Социальнэ педагогыгъэ» унэтІныныгъэм нэхъыфІу кьыщалъытащ Мэлбахьуэ Алим (курыт еджапІэ №5), «Педагог-психолог» ІэщІагъэм ирилажьэхэм Дендебер Екатеринэ (курыт еджапІэ №9) ефІакІын кьахэкІакъым. «Школ унафэщым гъэсэныгъэ лэжьыгъэмкІэ и къуэдзэм унэтІныныгъэм япэ увыпІэр щызэдагуэщащ ЦІыпІынэ Заремэрэ (курыт еджапІэ №7) Щауэ Спартакрэ (курыт еджапІэ №5).

ТекІуэхэм дипломхэмрэ ахъщэ саугъэтхэмрэ иратащ.

УЯНАЕВЭ Заринэ.

Дунейм щыкъыІэбархэр

Урысей Федерацэр хэмыту

«Къэралийм я зэгухьэныгъэм» хэтхэм я унафэщІхэм Сочэ щрагъэкІуэкІыну зытраухуауэ щыта зэІущІэр І аагъэщхьэхэтащ, ауэ абы ирагъэблэгъагъкым УФ-м и Президент Путин Владимир.

Фигу къэдгъэкІыжьащ, гъатхэпэм и 16-м Урысей Федерацэр а зэгухьэныгъэм кьыхагъэкІыжауэ щытащ, Украинэм теухуауэ кьыхухагъэувхэм ар арэзы зэрытемыхъуам кьыхэкІыу.

Канадэм, Франджым, Италием, Германием, Японием, Великобританием, США-м я унафэщІхэр, Европэ Зэгухьэныгъэмрэ Европкомиссэмрэ я Іэтащхьэхэр Гаагэ зэрыщызэпсэльам ипкъ иткІэ къащта дэфтэрым кьызэрыхэщщи, ахэр и телъхьэщ Украинэм и щыналъэр зэрэщытауэ кьэнэжьным. Апхуэдэуи ахэр Урысейм кьыхуэдэльащ икіи «Украинэм абы щызэхищІыхьхэм фІы кьызэрамышынур» кьыгурагъэІуэну хэтащ.

А зэхуэсым ткІийуэ кьыщыпсэльа дэтхэнэ политикри гулсысэгъэу хэзыдзэ Іуэхуащхуэу кьоуэ я энергетикэ щынагъуэнщагъэр. УФ-м и газыр а къэралхэм яхуиутІыпщын щигъэтмэ, ар зэрызэрахъуэкІын нэгъуэщІ хэкІыпІэхэр, Іэмалхэр кьалъыхъуэн хуей зэрыхъунум егъэгузавэ а къэрал унафэщІхэр. Аращи, УФ-м кьыщымыІейімэ нэхъыфІу кьэзылытэхэри яхэтщ абыхэм.

Хуабэм щІыІэ къеШэ

2004 гъэ льандэрэ а зэманым ирихьэлІэу къэмыкъуауэ, Москва дагъуэ-сэ хуабэ дыда щыхъуат - сыхьэт 16-м ирихьэлІэу къалащхьэм и термометр-хэм градус 18,5-рэ кьагъэлъагъуэрт.

Къалащхьэдэхэр махуэ хуабэ зыбжанэм кьагъэбырсеящ, щІыІэр «Іуича» я гугъэу. Ауэ ГъатхэпэМ егъэлепуэ хуабэ кьызэрыхьуам щІыІэ кьызэришэнум шэч кьытрахьэркъым синоптикхэм. «ЩІбэт-тхьэмахуэ дызыхуэкІуэхэм дуней щытыкІэм зихъуэжьнущ, уэс кьесынущ, зэщІэщтхьэнущ. ЩІыІэр жэщым градусийм щынэсынущ. Аращи, къалэдэсхэр мыбэлэрыгъэмэ нэхъыфІщ», - щыжаІащ Гидрометцентрым.

НОБЭ

■1744 гъэм кьызэрагъэпэщащ Оренбург (г. щІынальэр.

■1903 гъэм Златоуст дэт Іэщэ заводым и лэжьакІуэ зыкъэзыІэтахэр пащтыхьыдзэм эзтриукІат.

■Гъатхэпэм и 26 - 27-хэм УФ-м и къалащхьэм щекІуэкІынущ етІуанэ Мэзкуу экономикэ зэхуэсыщхуэр.

■Гъатхэпэм и 26 - 28-хэм Пекин (Китай) щызэхэтынущ щІыуэпсым зэран хуэмыхъуу электрокъару кьэлэжьыныжмкІэ щыІэ хэкІыпІэхэм щытепсэльыхьыну дунейпсо зэІущІэ. Абы иритхьэлІэу кьызэрагъэпэщ а Іуэхум теухуауэ иджыпсту кьагъэсэбэп Іэмалыщ Іэхэм я ешІынныгъэ.

■Гъатхэпэм и 26 - 30-хэм Москва щекІуэкІынущ «Урысейм и тхылъхэр» XVII Пэпкъ выставкэ-жармыкІэр. Абы кърихьэлІэнущ тхылъ къыдэгъэкІыным, щэным пыщІа Іуэхуащ Іапх Іэ 500-м щІигъу.

■Кружым щыщІ щІэныгъэлІ, адыгэбзэр джыным хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыщІа, филологие щІэныгъэхэм я доктор, профессор, Абэхъазми, Къэбэрдей-Балъкъэрми, Дагъыстэнми щІэныгъэхэмкІэ щыхь зиІэ я пэжьакІуэ **Чикобавэ Арнольд** кьызэралъхурэ илъэсиз 116-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык уэфІу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 13 - 18, жэщым градуси 7 - 9 щыхьнущ.

Зыгъэхьэзырыр **ЖЬЭКІЭМЫХЬУ Маринэ.**

Гъащ Іэр зыгъэдахэхэр, лъэпкъыр зыгъэлъапІэхэр

● Щэнхабзэ



Абэнокъуэ Рустамрэ Мэкъуауэ Эльмирэрэ уэрэд здыжаІэ.

Гъатхэпэм и 22-м Къэрал кишокоцерт гъэльэгъуапІэм и пэІущІэ пэшыр щІэращІэт, щэнхабзэм и лэжьакІуэхэр щагъэльапІэ пшыхь щекІуэкІырти. АдрэкІэ-мыдэкІэ щыгъуэ ятІолхэм хьэщІэхэр ирыст, зытепсэльыхьыни, я гукъыдэжьр къэзыІэти эрагъуэжьыр ядрильагъуэт.

ИХЪУРЕЯГЪКІЭ къеГъэувэкІат библиотекэхэм, музейхэм, щэнхабзэ, гъаздджэ Іуэхуащ Іапх Іэхэм я гуащІэр кьызытещ дапхъэхэр, ди щІыналъэм и дахагъэмрэ и кьуденгъэмрэ кьызэрыщ сурэтхэр гъунэжу абыхэм хэтт. ЖыпІэнуракъэ, щІыуэпс кьуелйрэ щІыху зэчиныфІэкІэ бей хэгъуэгум пльэмыкІыу уригушхуэрт...

Щэнхабзэм и лэжьакІуэм и махуэр щагъэльапІэ гъатхэпэм и 25-м теухуауэ кьызэрагъэпэща зэІущІэр езыгъэкІуэкІа, ЩоджэнцІыкІу Алий и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и актрисэ КІэхумахуэ ФатІимэ пшыхьыр кьызэІуихри, апэу псальэ иритащ КъБР-м щэнхабзэмкІэ и министр Кьумахуэ Мухьэдин. Аргуапэу екъуэхъуащ зи ІэщІагъэмкІэ цІыхухэм дэрэжэгъуэ кьахуэзыхь лэжьакІуэ емызэщыжхэм икІи щІыхь тхылъхэмрэ саугъэтхэмрэ яритащ.

КъБР-м ЩІэнхабзэмкІэ и министерствэм и ЩІыхь тхылъхэр зратахэм ящыщщ зи зэфІэкІыр щапхъэу кьалъытахэу Тэрч район администрацэм и Іэтащхьэ Пэнагуэ Максим, КъБР-м и Льэпкъ музейм гъэльэгъуэныгъэхэр кьызэгъэпэщыныжмкІэ и кьудамэм и унафэщІ Кьуэдзокъуэ Марьянэ, Кулиев Кьайсын и щІэр зезыхьэ Балъкъэр драмэ театрым и актрисэ Жангуразовэ ФатІимэт, ПащІэ Бэчмырзэ и цІэр зезыхьэ сабий библиотекэм и лэжьакІуэ нэхъыжь Екъуэгъныдж Ларисэ, ЩоджэнцІыкІу Алий и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым, КъБР-м и Гуащэ театрым я бухгалтер нэхъыщхьэу Истэпан Светланэрэ Едгъуэл Иринэрэ, Музыкэ театрым и режиссер-постановщик Сафаровэ Тамарэ, «Кабардинка» къэрал академическэ ансамблым и артисткэ Кьумыкъу Мариннэ, нэгъуэщІ къэрал Іуэхущ Іапх Іэ куэдым я лэжьакІуэхэр.

ФІыщІэ тхылъкІэ я ІуэхущІафэр кьалъытащ Бабугент кьуажэ школым и унафэщІ Мусуковэ ФатІимэ, Налшык и Сабий макъамэ еджапІэ №1-м и концертмейстер Бублатиковэ Иринэ, а школым уэрэд жьІэныжмкІэ и гъэсакІуэ Хейфиц Еленэ, Гъуаздджэхэмкіэ сабий еджапІэу Тэрч кьалэм дэтым цІыхубз макъамэ Іэмэпсымэхэмкіэ и Іуэхущ Кьуэдзокъуэ Ирыгу ФатІимэ, Пролетарскэ жылэм дэт «Русь» щэнхабзэ центрым и унафэщІ Овчинников Валерий, къэрэшей-балъкъэр щІалэгъуалэм я зыужьныныгъэм хуэхахуэ Налшык дэт «Эльбрусоид» фондым и унафэщІ Анаев Марат.

Зи махуэр зыгъэльапІэхэм ехъуэхъуащ Кулиев Кьайсын и щІэр зезыхьэ Балъкъэр драмэ театрым и режиссер нэхъыщхьэ Атмурзаев Магомед, Мэлбахьуэ Тимборэ и щІэр зезыхьэ Льэпкъ къэрал библиотекэм и унафэщІ Емуз Анатолэ, УФ-м щІыхь зиІэ и артисткэхэу ЖьакІэмыхьу КІунэрэ (Къэбэрдей театрым къыбгъэдэкІыу) Бурмако Маринэрэ (Горький Максим и цІэр зезыхьэ Урыс драмэ театр).

ЗэІущІэм кьрихьэлІахэм я нэгу зрагъэужьащ Музыкэ театрым и уэрэджьІакІуэхэу Абэнокъуэ Рустам, Жабоевэ Замирэт, Мэкъуауэ Эльмирэ, щыкІэпшынауэ Башиев Магомед сымэ.

ИСТЭПАН Залинэ.
Сурэтхэр **Елькьан Артур** *трихащ.*

Кьумахуэ Мухьэдин ЩІыхь тхылъыр Къуэдзокъуэ Марьянэ ирет.

Башиев Магомеди ящыщщ пшыхьыр зыгъэдэхахэм.

Лъэпкъ Іуэщыгъэ:

Узижагъуэм и нэм бжэгъуу ущІоуэ.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и етхуанэ зэхуэгъэсыгъуэм и депутатхэр щыхьх зэманым телевиденэм, (е) радиом я программэхэр къэзыт щIыналъэ къэрал организацэхэм я каналхэм щыхьхэх эфир зэманыр хэхакIуэ зэгухьэныгъэхэм ятегуэшэныжкIэ пхъэндзэ зэрырагъэкIуэкI Хабзэм и Iуэхугъэ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Хэхакiуэ комиссэм и Унафэ

2014 гъэм мазаем и 14-м **Налшык къалэ** **№71/9-5**

«Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и IуэхукIэ» 2003 гъэм мазаем и 18-м къащта Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Закон №23-РЗ-м и 2-нэ статьям ипкъ иткIэ, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм **унафэ ещI**:

1. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и етхуанэ зэхуэгъэсыгъуэм и депутатхэр щыхьх зэманым телевиденэм, (е) радиом я программэхэр къэзыт щIыналъэ къэрал организацэхэм я каналхэм щыхьхэх эфир зэманыр хэхакIуэ зэгухьэныгъэхэм ятегуэшэныжкIэ пхъэндзэ зэрырагъэкIуэкI Хабзэр и Iуэхугъэ.

2. Мы унафэр щIыхьэ хьыбарегъащIэ IуэхущIапIэхэм къытрегъэдзэн икIи Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм Интернетым щIэ сайтым илъхьэн.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и Унафэщ

ДЖЭШ Вячеслав

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и Секретарь

АТМУРЗАЕВЭ Иринэ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм 2014 гъэм мазаем и 14-м къыдигъэкIа унафэ №71/9-5-мкIэ къыщытащ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и етхуанэ зэхуэгъэсыгъуэм и депутатхэр щыхьх зэманым телевиденэм, (е) радиом я программэхэр къэзыт щIыналъэ къэрал организацэхэм я каналхэм щыхьхэх эфир зэманыр хэхакIуэ зэгухьэныгъэхэм ятегуэшэныжкIэ пхъэндзэ зэрырагъэкIуэкI

Хабзэр

Мы Хабзэм зэблегъэкI телевиденэм-рэ радиомрэ я программэхэр къэзыт щIыналъэ къэрал организацэхэм я каналхэм (адзкIэ - телерадиовещанэм и организацэхэр) пщIэншэу щыхьхэх эфир зэманыр «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэр зэрыхахым и Iуэхугъэ» 2008 гъэм щыщхьэуIум и 5-м къащта Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Закон №56-РЗ-м (адзкIэ - Закон щI) и 46-нэ статьям и Iыхьэ 1-м, 47-нэ статьям и Iыхьэхэу 7-м, 8-м, 9-м ипкъ иткIэ кандидатхэм я спискэхэр езыгъэтха хэхакIуэ зэгухьэныгъэхэм ятегуэшэныжкIэ пхъэндзэ зэрырагъэкIуэкIыр.

Телерадиовещанэм и щIыналъэ къэрал организацэхэм я каналхэм пщIэншэу щыхьхэх эфир зэманыр зэрырагуашэр

Законым и 47-нэ статьям и Iыхьэ 7-м ипкъ иткIэ хэхакIуэ зэгухьэныгъэхэм зэщIыгъуу агитацэр лэжьыгъэхэр ирагъэкIуэкIын икIи агитацэм тещIыхьа материалхэр хэIыуцIыу ящIын папщIэ пщIэншэу хухах эфир зэманыр тегуэшэныжкIэ пхъэндзэр кандидатхэм я спискэр тхын ягъэ изужь, ауэ Iэ щIэIэтыным махуэ 32-рэ нэхъ-рэ нэхъ мащIэ имыIэжу, нэгъуэщIу жыпIэмэ, 2014 гъэм щыщхьэуIум и 10 - 12-хэм кIуриубыдэу, ирагъэкIуэкI.

ПщIэншэу хухах эфир зэманыр тегуэшэныжкIэ пхъэндзэр Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм ирегъэкIуэкI телерадиовещанэм и щIыналъэ къэрал организацэхэр кхрихьэлIэу.

ХэхакIуэ зэгухьэныгъэхэм чэнджэщ ират пщIэншэу хухах эфир зэманыр тегуэшэныжкIэ пхъэндзэм хэтын папщIэ заявкэхэр тхауэ 2014 гъэм щыщхьэуIум и 1-м щегъажьауэ 2014 гъэм щыщхьэуIум и 9-м сыхьэт 18.00-м нэсыху Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм Iэрагъэхьну.

ХэхакIуэ зэгухьэныгъэм хуитыныгъэ иIэщ зэщIыгъуу ирагъэкIуэкI агитацэ лэжьыгъэм хэмытыну. Апхуэдэм дежи агитацэ лэжьыгъэр зэщIыгъуу ирагъэкIуэкIын папщIэ хухаха зэманыр ягъэмащIэркъым, абы хэхакIуэ зэгухьэныгъэхэм ящыщу зы фIэкIа кIуримыхьэлIэми. ЗэщIыгъуу ирагъэкIуэкI агитацэ лэжьыгъэм хэтыну зэрыхуэмейм щхьэкIэ хэхакIуэ зэгухьэныгъэм пщIэншэу хухах эфир зэманым хущIагъуркъым.

ПщIэншэу хухах эфир зэманыр трагуашэ кандидатхэр езыгъэтха хэхакIуэ зэгухьэныгъэ псоми.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм телерадиовещанэм и щIыналъэ къэрал организацэхэм 2014 гъэм щыщхьэуIум и 10-м фIэмыкIыу хьыбар ярегъащIэ пщIэншэу хухах эфир зэманыр зэтырагушэн хуэй хэхакIуэ зэгухьэныгъэхэм я бжыгъэм теухуауэ.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм иригъэкIуэкI пхъэидзэм хэтщ си полномочиехэр зыхуэфащэ документхэмкIэ щIагъэбыда хэхакIуэ зэгухьэныгъэхэм я лIыкIуэхэр.

ПщIэншэу ягуэш эфир зэманым щыщ къыIихыну зэрыхуэмеймкIэ тхыгъэ къезымыгъэха хэхакIуэ зэгухьэныгъэм и лIыкIуэ къыщымыкIуэлIам и деж абы и щIэкIэ пхъэидзэм хэтщ унафэ къэзыщтхэм ящыщу Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм хыхьэр - Информацэ зэныкъэкъуэмкIэ, хэхьныгъэхэр информацэ лъэныкъэкIэ къыззэгъэпэщыным ехьэлIа нэгъэщIу IуэхуэмкIэ лэжьакIуэ гупым и унафэщIыр е, абы пщIэрылъ зэрыщищIам тету - унафэ къэзыщтхэм ящыщу Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм хэтхэм икIи ищхьэкIэ къыщыгъэлъэгъуэ Лэжьакъуэ гупым хиубыдэхэм ящыщ зыр.

Законым и 47-нэ статьям и Iыхьэ в-м ипкъ иткIэ, пхъэидзэр ирагъэкIуэкIэ кхрихьэлIэну хуитыныгъэ яIэщ:

унафэ къэзыщтхэм ящыщу е унафэ къэзыщтхэм ящыщыжу ХэхакIуэ комиссэм хэтхэр, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и аппаратым щылажьэхэр;

кандидатхэм я спискэхэр езыгъэтха хэхакIуэ зэгухьэныгъэхэм я уполномоченэ лIыкIуэхэр е кандидатхэм я спискэху ятхахэм ящыщ кандидатхэр;

кIынэмыщI къэрал органхэм я лIыкIуэхэр;

щIыхьэб хьыбарегъащIэ Iуэхущ-IапIэхэм я лIыкIуэхэр.

Пхъэидзэр ирагъэкIуэкIыну пэшыр Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм, пхъэидзэр ирагъэкIуэкIын папщIэ зыхуеину документацэр телерадиовещанэм и къэрал организацэу зыхуэфащэм ягъэхьезырыну я щIэ дэтыщ.

Пхъэидзэм щIадзэн ипкIэ телерадиовещанэм и организацэу эфир зэманыр тегуэшэныжкIэ хэтым псоми ярегъэльагъу эфир зэманыр зыхуэзэ махуэмрэ сыхьэт бжыгъэмрэ къыщигъэльэгъуа тхыгъэхэр зыдэлъ, телерадиовещанэм зрегъэжьа зытетха конвертхэр.

Кандидатхэм я спискэхэр езыгъэтха хэхакIуэ зэгухьэныгъэхэм хэхьныгъэм и я къэхуэ агитацэ ирагъэкIуэкIын папщIэ телерадиовещанэм и дэтхэнэ щIыналъэ къэрал организацэми езым и каналхэм пщIэншэу щыхухих эфир зэманыр, Законым и 47-нэ статьям и Iыхьэ 3-м къыззэригъэувыжкIэ, лэжьэгъуэ махуэхэм хиубыдэу дакIикъэ 30-кIэхэр мынэхъ мащIэу, телерадиовещанэм и организацэр псори зэхэту махуэм зэрылажьэр сыхьэтитI иримыкъуэ - а зэманым и Iыхьэ пIанэм нэхъ-рэ мынэхъ мащIэу щыхьэт хуейщ. Хэхьныгъэм и пэ кIыхьэ агитацэр телевиденэмрэ радиомрэ я каналхэм ирагъэкIуэкIыну щIадзэ Iэ щIэIэтынум махуэ 28-рэ иIэжу икIи ар щагъэтыжь Iэ щIэIэтынум зы жэщ-махуэ иIэжу сыхьэтыр нолым деж, нэгъуэщIу жыпIэмэ, 2014 гъэм щыщхьэуIум и 13-м сыхьэт нолым. ПщIэншэу хухах эфир зэманыр техуэн хуейщ телерадиовещанэм и зыхуэфащэ организацэм кхъэрипщытам ипкъ иткIэ щIыху нэхьыбэ дыдэ радиомрэ телевиденэмрэ кIатэхэм щедаIуэм, щеплъым.

ПщIэншэу хухах эфир зэманыр зыхуэзэ махуэм ельытагъэ лъэхъэнитIу е нэхъыбэу эпауэ, телевещанэм и организацэхэм щыхухах зэманыр зыхуэзэм тещIыхьауэ пщыдджыкъ е пщыхьэщхьэ программэхэм хатхэ (абы кхъэхЫыу эфир зэманыр лъэхъэнэкIэ, апхуэдэу пщыдджыкъ, пщыхьэщхьэ зэманкIэ зэрытрагуашэм ятещIыхьа конверт щхьэхуэхэр ягъэхьэзыр). А псоми кIадзкIэуэ жыIэпхъэщ эфир зэманыр пщыхьэщхьэм фIэкIа хухамыхэм зэрыхьунур.

Законым и 47-нэ статьям и Iыхьэ 4-м ипкъ иткIэ пщIэншэу хухах зэманым и зэхуэдитIыр кхъэрагъэсэбэпыр дискуссиехэр, лъэныкъуэхэр зыхэт зэхыхьэхэр, апхуэдэу зэщIыгъуу кхъэрагъэнэщ агитацэ Iуэхуэхэр егъэкIуэкIыным хуэгъэзэ гупым хэтыну папщIэ хухаха зэманыр ягъэмащIэркъым, абы хэхакIуэ зэгухьэныгъэхэм я щIыналъэ кхъэрагъэнэщ агитацэ Iуэхуэхэр ягъэхьэзыр.

Законым и 47-нэ статьям и Iыхьэ 5-м зэрыщыубзыхуам хуэдэу, хэхакIуэ зэгухьэныгъэм зэщIыгъуу ирагъэкIуэкI агитацэ Iуэхуэхэм хэтын имыдамэ, телерадиовещанэм и Iуэхущ IапIэм зэщIыгъуу агитацэ Iуэхуэхэр ирагъэкIуэкIын папщIэ пщIэншэу яхуэхих зэманыр а хэхакIуэ зэгухьэныгъэм лъысыми зэуэдизкIэ ягъэмащIэ.

ЗэщIыгъуу зэрагъэнэщ агитацэ лэжьыгъэм хухах зэманыр пхъэидзэкIэ трагуашэ агитацэ лэжьыгъэм хэтлъэныкъуэ псоми ялыс зэманыр зэхуэдизу. Пхъэидзэм хэтым езым кхыхех зэщIыгъуу кхъэрагъэнэщ агитацэ лэжьыгъэр щекIуэкIыну зэманыр зыдэлъ конвертыр.

ПщIэ зыщIамыт эфир зэманым и I Iыхьэр щахуихиКIэ, телерадиовещанэм и организацэм и кьалэнщ пхъэидзэм хэта дэтхэнэ хэхакIуэ зэгухьэныгъэми агитацэ Iуэхуэхэр ирегъэкIуэкIынымкIэ адрейхэм я хуитыныгъэхэм хуэдэ кхыхуэзыр-гъэпщыну.

Конвертхэм дэлъ бжыгъэхэр хэIущIыIу ещI икIи эфир зэманыр зэрырагуашэмкIэ протоколым (гуэдзэм №1) иретхэ телерадиовещанэм и организацэм и лIыкIуэм.

Протоколым и зыхуэфащэ сатырхэм хэхакIуэ зэгухьэныгъэм кьыбгъэдэкIыу пхъэидзэм хэтам и унэцIэр, и цIэр, и адэцIэр иратхэ икIи езым Iэ щIрагъэдзыж.

Эфир зэманыр зэрырагуашэм техуэ протоколым телерадиовещанэм зыхуэфащэ и IуэхущIапIэм и уполномоченэ лIыкIуэмрэ Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и лIыкIуэмрэ Iэ щIадзыж.

ПщIэ зыщIамыт эфир зэманыр тегуэшэныжкIэ пхъэидзэр ирагъэкIуэкIыну эфир зэманыр зэрырагуашам техуэ протоколым Iэ щIадзыжа нэужь зэщIыгъуу ирагъэкIуэкIыну агитацэ лэжьыгъэхэм хэтынухэм, езыхэр зэрызэгурыIуам тету (апхуэдэу телерадиовещанэм и организацэм и лIыкIуэм кхыззэрихьлъхьам ипкъ иткIи), а лэжьыгъэхэр кхыщыгъэзэнэщыну махуэхэмрэ зэрыщIэкIуэу ирагъэкIуэу абы кхрихьэлIэхэм я бгъэхэIу дамыгъэхэм я теплъэмрэ ахэр зыхуэдэм техуэ тхыгъэмрэ

Унафэ къэзыщтхэм ящыщыжу хэт
хэхакIуэ комиссэм зэреджэр
(унэцIэр, цIэр, адэцIэр)
къыбгъэдокI
хэхакIуэ зэгухьэныгъэм зэреджэр
иратхэ

КIэлъплъакIуэ
(цIэр, унэцIэр, адэцIэр)
(хэхьпIэ участкэм и номерыр,
къыбгъэдокI
(участкэ (къинэмыщI) хэхакIуэ комиссэм зэреджэр)
хэхакIуэ зэгухьэныгъэм зэреджэр

Гу зылыытапхъ. Унафэ къэзыщтхэм ящыщыжу хэхакIуэ комиссэм хэтымрэ кIэлъплъакIуэмрэ я бгъэхэIу дамыгъэр (адзкIэ - бгъэхэIу дамыгъэ) зэпэплIимэру мм 85 х 60 хьу тхылъымпIэ хужь Iувым кхыхащыкI икIи абы тратхэ бгъэхэIу зратам и унэцIэр, и цIэр, и адэцIэр, апхуэдэу унафэ къэзыщтхэм ящыщыжу хэхакIуэ комиссэм хэтыр, кIэлъплъакIуэр кхыыбгъэдэкI хэхакIуэ зэгухьэныгъэм зэреджэр.

Тхыгъэхэр зэрыбкIэ традзэ, IэкIэ ятх е а тхэкIитIри зэщIыгъуу къагъэсэбэп (зы Iыхьэр зэрыбкIэ тедзаэ, адрей Iыхьэр IэкIэ тхауэ).

ЗэрыбкIэ тедза зэрфхэр къыщагъэсэбэпым деж «КIэлъплъакIуэ», «Унафэ къэзыщтхэм ящыщыжу хэхакIуэ комиссэм хэт» псалъэхэр, бгъэхэIур зейм и унэцIэр, апхуэдэу ар хэхакIуэ комиссэм кхэыгъэжьа хэхакIуэ зэгухьэныгъэм зэреджэр ф1ыцIэкъ кхыхэгъэщхьэхукIаУэ, ауэ пункт 18-м нэхъ-рэ мынэхъ ину, адрей тхыгъэхэр хьэрф ф1ыцIэхэмкIэ, ауэ пункт 14-м нэхъ-рэ мынэхъ ину традзэ.

Апхуэдэу кIэлъплъакIуэм и тхылъым иратхэ хъунущ бгъэхэIу дамыгъэр зратар здагъэкIуэ хэхьпIэ участкэм и номерыр (участкэ (нэгъэущI) хэхакIуэ комиссэм зэреджэр).

БгъэхэIу дамыгъэр дэтхэнэми и бгъэм зэрыхилъхьэн IэмэпсымэкIэ кхыззэгъэпэщащ.

БгъэхэIу дамыгъэр щагъэхьэзыркIэ мы тхыгъэм ящыщыгъэльэгъуа формэм хэт щIэтхъахэмрэ абыхэм я лъабжьэм щIэт тхыгъэхэмрэ къагъэсэбэпырыкъым.

БгъэхэIу дамыгъэр щIагъэхьэзырыр Iэ зэрэIэтар кхыщабжьыжкIэ хэхакIуэ комиссэм хэтхэм, адрей лэжьакIуэхэм унафэ къэзыщтхэм ящыщыжу хэхакIуэ комиссэм зэрыхагъэхьам е кIэлъплъакIуэм зэрагъэкIуэм щыхьэт техуэу документкъым, апхуэдэу ар цIыхур зищIысым щыхьэт техуэу документуи щыхьэт (абы номер иIэкъым, мыхъур тегъэуакъым, Iэ щIэдзыжакъым).

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэр хэхьныгъэм кIрикIуаэхэр кхыщабжкIэ унафэ къэзыщтхэхэм ящыщыжу хэхакIуэ комиссэхэм хэхьныгъэм кIрикIуаэхэр кхыщабжкIэ унафэ къэзыщтхэхэм я щIэныгъэ комиссэхэм хэту, кIэлъплъакIуэу абы кхрихьэлIэхэм я бгъэхэIу дамыгъэхэм я теплъэмрэ ахэр зыхуэдэм техуэ тхыгъэмрэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакiуэ комиссэм и Унафэ

2014 гъэм мазаем и 14-м **Налшык къалэ** **№71/13-5**

«Урысей Федерацэм и цIыхухэм хэхьныгъэхэмкIэ я хуитыныгъэхэмрэ референдумым хэтыныжкIэ яIэ хуитыныгъэмрэ кхъэзэгъэпэщыныжкIэ щэсыпIэ нэхъыщхьэхэм я Iуэхугъэ» Федеральнэ законым и 30-нэ статьям и пункт 9-м и «ж» пункт гуэдзэм, «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэр зэрыхахым и Iуэхугъэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 22-нэ статьям и Iыхьэ 9-м и пункт 8-м ятхь иткIэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм **унафэ ещI**:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэр хэхьныгъэм техуауэ Iэ щIэIэтхIэ, участкэ хэхакIуэ комиссэхэм хэхьныгъэм кIрикIуаэхэр кхыщабжкIэ унафэ къэзыщтхэм ящыщыжу хэхакIуэ комиссэхэм хэту, кIэлъплъакIуэу абы кхрихьэлIэхэм я бгъэхэIу дамыгъэхэм я теплъэмрэ ахэр зыхуэдэм техуэ тхыгъэмрэ кхъэщтэн (мы унафэм щIыгъуу).

2. Мы унафэр цIыхуб хьыбарегъащIэ IуэхущIапIэхэм кхъэтрегъэдзэн икIи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакiуэ комиссэм Интернетым щIэ сайтым илъхьэн.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакiуэ комиссэм и Унафэщ

ДЖЭШ Вячеслав

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакiуэ комиссэм и Секретарь

АТМУРЗАЕВЭ Иринэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакiуэ комиссэм 2014 гъэм мазаем и 14-м къыдигъэкIа Унафэ №71/13-5-мкIэ къыщытащ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэр хэхьныгъэм техуауэ Iэ щIэIэтхIэ, участкэ хэхакIуэ комиссэхэм хэхьныгъэм кIрикIуаэхэр кхыщабжкIэ унафэ къэзыщтхэм ящыщыжу хэхакIуэ комиссэхэм зэрыщIэкIуэу абы кхрихьэлIэхэм я бгъэхэIу дамыгъэхэм я теплъэмрэ ахэр зыхуэдэм техуа тхыгъэмрэ

Гу зылыытапхъ. Унафэ къэзыщтхэм ящыщыжу хэхакIуэ комиссэм хэтымрэ кIэлъплъакIуэмрэ я бгъэхэIу дамыгъэр (адзкIэ - бгъэхэIу дамыгъэ) зэпэплIимэру мм 85 х 60 хьу тхылъымпIэ хужь Iувым кхыхащыкI икIи абы тратхэ бгъэхэIу зратам и унэцIэр, и цIэр, и адэцIэр, апхуэдэу унафэ къэзыщтхэм ящыщыжу хэхакIуэ комиссэм хэтыр, кIэлъплъакIуэр кхыыбгъэдэкI хэхакIуэ зэгухьэныгъэм зэреджэр.

Тхыгъэхэр зэрыбкIэ традзэ, IэкIэ ятх е а тхэкIитIри зэщIыгъуу къагъэсэбэп (зы Iыхьэр зэрыбкIэ тедзаэ, адрей Iыхьэр IэкIэ тхауэ).

ЗэрыбкIэ тедза зэрфхэр къыщагъэсэбэпым деж «КIэлъплъакIуэ», «Унафэ къэзыщтхэм ящыщыжу хэхакIуэ комиссэм хэт» псалъэхэр, бгъэхэIур зейм и унэцIэр, апхуэдэу ар хэхакIуэ комиссэм кхэыгъэжьа хэхакIуэ зэгухьэныгъэм зэреджэр ф1ыцIэкъ кхыхэгъэщхьэхукIаУэ, ауэ пункт 18-м нэхъ-рэ мынэхъ ину, адрей тхыгъэхэр хьэрф ф1ыцIэхэмкIэ, ауэ пункт 14-м нэхъ-рэ мынэхъ ину традзэ.

Апхуэдэу кIэлъплъакIуэм и тхылъым иратхэ хъунущ бгъэхэIу дамыгъэр зратар здагъэкIуэ хэхьпIэ участкэм и номерыр (участкэ (нэгъэущI) хэхакIуэ комиссэм зэреджэр).

БгъэхэIу дамыгъэр дэтхэнэми и бгъэм зэрыхилъхьэн IэмэпсымэкIэ кхыззэгъэпэщащ.

БгъэхэIу дамыгъэр щагъэхьэзыркIэ мы тхыгъэм ящыщыгъэльэгъуа формэм хэт щIэтхъахэмрэ абыхэм я лъабжьэм щIэт тхыгъэхэмрэ къагъэсэбэпырыкъым.

БгъэхэIу дамыгъэр щIагъэхьэзырыр Iэ зэрэIэтар кхыщабжьыжкIэ хэхакIуэ комиссэм хэтхэм, адрей лэжьакIуэхэм унафэ къэзыщтхэм ящыщыжу хэхакIуэ комиссэм зэрыхагъэхьам е кIэлъплъакIуэм зэрагъэкIуэм щыхьэт техуэу документкъым, апхуэдэу ар цIыхур зищIысым щыхьэт техуэу документуи щыхьэт (абы номер иIэкъым, мыхъур тегъэуакъым, Iэ щIэдзыжакъым).

● КъБР-м и Жылагъуэ палатэм

IэщIагъэлIхэм дахуэнкъуэщ

КъБР-м и Жылагъуэ палатэм иджыблагъэ щрагъэкIуэкIащ зэIущIэ щхьэпэ. Ар Iуэхущ-IапIэм зэзэгъэкIуэ Iэ щIэныгъэ комиссэхэм хэхьныгъэм кIрикIуаэхэр зыхуэдэм техуауэ Iэ щIэIэтхIэ, участкэ хэхакIуэ комиссэхэм хэхьныгъэм кIрикIуаэхэр зыхуэдэм. Экономикэ зыужьыныгъэмрэ хъэрыуэтыщIэхэр дэIыгъыныжкIэ комиссэм и унафэщI Мэзло Руслан депсэлъыпIащ щIалэгъуалэр лэжьыгъэ IэнатIэм къешлIэн папщIэ щыIэ хэкIыпIэхэм теухуауэ.

- ДИ РЕСПУБЛИКЭМ Iуэху щхьэпэ куэд щрагъэкIуэкI щхьэхакъуэ лэжьыгъэм зезытхэм папщIэ икIи инвестицэ проектыщIэхэр, щэч хэмылъу, Iэщ Iагъэлъ Iэм яхуэныкъуэ мэхъу. Дэнэ щыIэ-тIэ абы хуэIэкIуэльакIуэ лэжьакIуэхэр? - жиIащ Мэзло Руслан. - Кьыдэлыжу диIэщ экономистхэр, финансистхэр, ауэ, псалъэм папщIэ, къэгъуэтыгъуеиГ инженер-технологхэр е производствэ IэнатIэм щылэжьэфыну щIалэгъуалэр.

Министерствэм и лэжьакIуэхэми, курыт школхэм я егъэджакIуэхэми, щIыпIэ администрацэхэми, езы лэжьакIуэ дыдэхэми захуэдгъэзащ, зи гугъу тщы Iуэхум теухуауэ щыIэ хэкIыпIэхэр кьэтлыыхьуэу. Нэхьыбапlэм жаIэр мыращ: «ХьыбарегъащIэ IэнатIэхэр къэбгъэсэбэп кьудейкIэ, дызыхуэныкъуэ Iэщ Iагъэлъ Iэр кьыпхуещIэлIэ-хуэсым, атIэ мы Iуэхум бгъэдэтхэмрэ властым и лэжьакIуэхэмрэ зэгъуэгъуэ хэкIыпIэхэр кьалъыхьуэн хуейщ». ЩIалэгъуалэр инженер-технолог Iэщ Iагъэлъ хуегъэджэным, егъэджакIуэхэмя я улахуэм хэгъэхъуэным, ныжьыщIэхэр лэжьыгъэм зэрыдебгъэхьэхьэн Iемалхэр кьэлъыхьуэным, нэгъуэщIхэми егупсысыпхъэщ.

Сабийр щыIэу щыкIэ егъэсэн хуейщ лэжьыгъэр фIыуэ ильагъуу. Экономист, юрист, менеджер Iэщ Iагъэлъ хуеджэхэри лэжьапIэфIрэ улахуэфIрэ занщIэу яIэну зыми кьитгъэгугъэркъым. Абыхэми яхэтщ зи Iэщ Iагъэлъ фIыуэ щымыгъуазэхэр. Ауэ, итIани, едгъэкIуэкIа лэжьыгъэм кьитгъэльэгъуащ зи гугъу тщы Iэщ Iагъэлъ зэрыщIэкIуэм нэхъ кьыззэращтэр, цIэрэ щхьэрэ нэхъ иIэу кьыззэралыытэр.

- Хьэрычэтыщ Iуэхум зиужьныныр, щэч хэмылъу, уздэщI? Iуэхущ Iапl эм и кьалэнхэм хегъэхьэ.

- ЦIыхухэр лэжьыгъэкIэ кьыззэгъэпэщыным, ди щIыналъэм экономикэм зыщIужьыным, псом хуэмыдэу щIалэгъуалэм я псэуныгъэр ирагъэфIакIуэныжкIэ Iэмал етыным хуэунэтIауэ сэбэпышхуэ яIэщ. Щыгъуэм куриытымрэ. Ди гуапэ зэрыхьунщи, ди республикэм щопсэу хьэрычэтыщIэ жыджэрхэр. Ауэ абыхэми куэдым зрагъэужьыфырыкъым кхрахьэжьа Iуэхум, лъэпощхьэпохэм зэрыIууэм кхыхжьIыу.

Ди республикэм Iуэхущ Iапl эу 4000-м щIигъу щагъэлажьэ, щхьэзакъуэ хьэрычэтыщIэу щыIэм я бжыгъэр мин 27-м нос. Уеблэмэ бизнес цIыкIум процент 27-м нэс хэхъуэу кьыпокIуэ.

- НэгъуэщI сыт хуэдэ Iуэху щIэт фи нэIэм?

- Къэбэрдей-Балькъэр республикэм Экономикэ зыужьныгъэмкIэ, ФинансхэмкIэ, Промышленностымрэ сатумэдэ, Уиэныгъэмрэ псэупIэ-коммуналыным хозяйствэмкIэ министерствэхэм, ЩIы Iуэхуэхэмрэ мылькур зехьэныжкIэ, Энергетикэмрэ тарифхэмкIэ и къэрал комитетхэм я Жылагъуэ советхэм хохьэ ди комиссэм щыщхэр. «ДызыпыщIа министерствэхэр тэмэму тхуэзщIэгъэуIуэркъым, жылагъуэ кIэлъплъныныгъэр фейдэ пыIуу кьыгъуэзгъэпэщырыкъым», - жеIэ Жылагъуэ палатэм и унафэщI Тау Пщышкаан. А еплыкIэр сфIэжьабылщ зи гугъу тщы Iуэхум ехьэлIауэ.

Комиссэр пщалъэ-правовой актхэм я проектхэм я кьэпщытэныгъэм хэтщ. Кьапщтэмэ, и нэIэм щIэтхэм ящыщщ хьэрычэтыщIэ Iэнатlэ цIыкIуэмрэ курытхэмрэ зэрызауэжьыр, коммуналынэ Iуэхутхьабзэхэм кьыщащхьэсэбэп электроэкъарум и социалынэ щIалэр, ЖКХ-м и къэрал хьыбарегъащIэ Iэнатlэр, транспортым техьэ налогыр, бюджет политикэр, фэтэр куэд хъу унэхэр кьызыхуэтыныжу зэгъэпэщыжьынымрэ мылку зрызухахыну щыкIэр, нэгъуэщIхэри.

- ЖКХ-м фызэрыпыщIами нэхъ щэщIауэ тхутепсэльыыхьыт, Руслан.

- УнагъуэщIэхэр, бын куэд зиIэхэр, къэрал къулыкъущIэхэр псэупIэкIэ кьызэрэпэщыным гульытэ хэха ди республикэм хуищIыфырыкъым. Кьапщтэмэ, кьат куэд хъу унэхэр кьэралым хуэхуэхэркъым, чэзыр кьалъысиным илъэс куэд щIауэ щIыхуэхэр пэплъэ пэтми. Индустриальнэ унэщIэхэр хуэунэмыс мыхьэнэщхуэ иIэщ дызэрыт щытыкIэ мытынышм дыкьикIыфын папщIэ. Апхуэдэу кьыхэзгъэщIапхъэщ бэджэнду ят унэхэми кьахэхьуэмэ, мы Iуэхум зэрызиужьыныр.

КъБР-м и Правительствэмрэ Жылагъуэ палатэмрэ иджыблагъэ кьыщыззэдгъэпэщащ ЖКХ-м жылагъуэ кьэпщытэныгъэмкIэ и щIыналъэ центр, абы итхэр щыхьэхьэхэм хохьэ щыхуэр псэупIэкIэ кьыззэгъэпэщыным и Iуэхур егъэфIэкIуэнри.

Ди комиссэм хэтхэм жьыджэру зыкьыщагъэльэгъуащ урысейпсо эзэхьэхэм, жылагъуэ кьэпщытэныгъэхэр зэрырагъэкIуэкIым. Ди гугъэщ КъБР-м ЕгъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IуэхуэмкIэ и министерствэмрэ дэрэ ди лэжьыгъэм дяпэкIи пытщыну. Апхуэдэу еджакIуэхэр псэупIэ-коммуналынэ щытыкIэм щыгъэгъуэзэн хуейуэ кьызэольытэ.

Мы гъэмэ дэ ди мурадщ мэкъумэшым, промышленностымрэ сатумрэ, гъуэгу хозяйствэм, хьэрычэтыщIэ Iэнатlэхэм я зыужьныгъэм и Iуэху зетхуэну.

ГЪУКIАКЪУЭ Идар.

● КъэхъукъащIэхэр

Жьапщэшхуэм и зэранкIэ

Ди нэгу зэрыщIэкIащи, мы махуэ зэкIэльыкIуэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIыналъэм жьышхуэ къышепщащ. Ар Iэубыдыпlэнщэт, ущигъэгуфIэн щыIэу, щIэфинхьыжу бгъыльи тафи зэщIигъэгъуэнрэ, псэуалъэхэмрэ уэуэныгъэхэмрэ я къарушхуэкIэ я бгъэрыкIуэрт, «схуэзфIэкIым фыкъеплъ» жьыхунI щыкIэу, зыхуэзэ ирищIыкIыну хьэзырт.

АПХУЭДЭ къыззэрымыкIуэ щытыкIэ зэрыщIэнум теухуа хьыбарыр республикэм и МЧС-м пасэу зэбгригъэхами, дунейм и къэхъуэщIэхэм зэрапэщIэ тыгъуэйр аргуэру мы махуэхэм дгъэунэхуащ. Жьапщэм и зэранкIэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и куейкъэм хэщIыныгъэкIым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щIыналъэм хэщIыныгъэ ящыщу ар нэхъ гуащIэу, щыгъуэ зыгъэзэщIыжу Джэрмэнщыкъ къуажэ, Унагъуэ щхьэхуэхэм я псэупIэхэмрэ я псэуалъэхэмрэ я щхьэхэр трихащ. НартКъалэ дэт курыт еджапIихми, поликлиникэ №1-ми, «Налмэс» сабий гъэсапIэми, Аруан, Къэхъуэн, Старэ Шэрдж, Шэрдж Ищхъэрэ къуажэ еджапIэхэм я унащхьэхэми зэранышхуэ хуэхъуащ, унеи теплицэхэр зэтриха, нэгъуэщI хэщIыныгъэ инхэри кьнщащ.

Республикэм и щыхьэрми жьыр хуиту «щыджэгуащ», зы планэпи дурэши кьымыганэу зэрыхуеиуэ «щIипщыкIащ». Абы и хьэл хьыжьэр зыхуэдэр Печатым и унэм щкIалажьхэмэ дгъэунэхуащ. Гъэр щIырэ щыгъэхэкIкIэ гьатхэ пасэмрэ щымахуэ кIасэмрэ бжьыпIэр яхуэзымыгъэгъуэту зэрызэнкIыгъэкьым дыкIэльагъэпIащ. Жьапщэшхуэм лъэужьыншэ зищIакъым - блэкIри кьыбгъэкIыжри, щIыхьэри щIэкIри иригушхуэу ди бжэIупэм Iута псей бжьыфIэ екIур, и лъабжьэ дэкIуэу, кьыхичри, щхьэхуэ ежьэжащ.

Мы зэманым щIыпIэ комиссэхэм хэщIыныгъэхэр зыхуэдэр кьапщытэ, зыдэлэпыкъуэ хуейхэр ягъэбелджьыны, дунейм и къэхъукъащIэм и лъэужьхэр зэрагъэкIуэдыжыну щыкIэр яубзыху.

АРУАН Алий.

Сурэтыр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

1914

КIыщокъуэ Алим Пщымахуэ и къуэм и илъэс

2014

Шэч хэлъкъым

Адыгэ литературэм и къежьэжIэмрэ зыужьыкIэмрэ тепщIыхьмэ, щэч хэлъкъым абы нобэр къызэрэсым къикIыа гъуэгум КIыщокъуэ Алим и лIэщIыгъуэкIэ уеджэ зэрыхъунум. Ди литературэр щыгъэфIэнымэ КIыщокъуэм ящэ ИТа щыIамэ (усакIуэш-хуэ дыдэхэри яхэту), къабзэр-деибзэ тхыгъэр, псом хуэмыдзу лирикэр, роман лIэужьыгъуэр дунейпсо литературэ щагъэхъуэм изыгъэтIэсар, изыгъэувар, дунейпсо утыку иэшIар Алим и гуащIэм къыщIэкIарц. Алим и жьаум щIэту лъэщу бжьыщ литературэр.

КкъэIуфэ Хьэчим

КIыщокъуэ Алим и тхыгъэхэм укъыщеджэкIэ е и псалъэкIэм ущыщIэдзэIукIэ, гу лъыботэ къру пашэм и образзыр абы фIыуэ зэриIагъуам, кудрэ къызэригъэсэбэлым. Лъэпкъ псоми хуэдзу, адыгэхэм IуныджрэпщIэ лейрэ хуащIыр бэм я пашэу щытыну зэфIэкI зиIэхэм, «хэжулI» жьыуэпIэнчхэм. Апхуэдэхэрэ «къру пашэ» щIыхьыр зыхуагъфащэр. Ар фIыуэ къыхощ революцюм, граждан зауэм, абы къыкIэлыкIыу илъэсхэм ятеухуауэ КIыщокъуэм итха романхэм.

КIыщокъуэ Алим ешэр дапщэщи щытащ дыгъэфIэ гъэзурыкIэ ялэкIэ узышэ пашэу, гъуаззу, литературэм тепщIыхьмэ, ар къру пашэщIэхъуар и кIуныкъу лъагэхэракъым - и кIалэмыпэм къыщIэкIахэращ. Зэбгъэпэщэн, зыпэпльытэн щыIмыIэ и усэхэмрэ псоэмрэщ. Лъэпкъ литературэм и жьантIэр и ныIгъыу къыщыхигъэщащ литературэм, творчествэм екъэлIауэ итхахэм. «Ди зэманым псэу цIыхум и образ - зыми хэмыгъуэщэну зэщIэкъуауэ, зыщIыщ лъэпкъкIи псоми кьахэщу, ауэ щыхъукIи, дунейпсо цIыхубзэм и кIалэнхэм, усакIуэм («поэтым» жиIэмэ, нэхъ кьищтэ хуэдэщ Алим, а псалъэм нэхъыбли къызэщIеубыдэ) гъащIэм щыIэ, щIыIгъым хуей увыпIэм... УсакIуэу абы иримыгъазэ, иримыгулэз щыIэу къыщIэкIынкъым. Алим кьалэм къызэрищтэрэ ирогумэщI усакIуэм и цIэ лъапIэр, лъагэр щIыхь пылъу зехьэн Iуэхум, а

Алим мы дунейм ехыжыну зэп сигу кьжIыртэкъым. Мо дыгъэм, мо мазэм, мо Iуащхьэмахуэ е Урыхужь ещхьу, игъащIэкIэ псэун кьысфIэщIырт. Ар зытемыт дунейр дуней нэпщIу кьэслытэрт. Алим кьыпщхьэщIымытмэ, мы дунейр щIэнтхъуэрыгъуэм уэуагъэр щIэнтхъуэ хъурт. Абы и жьауэм ущIэту утхэнри уи лъэпкъым ухуэлэжьэнри дзрэжьагъуэт. Алим диIэмэ, ди лъэпкъыр хэутэн яхуэщIынкъым, жиIэрт си псэм. Алим псэуэ, ди литературэм и пщIэри яхуеудыхынкъым. Алим кьытщхьэщытмэ, ди бзэри яхуэгъэгъункIыр...

Лъапсэ быдэ

Нало Заур

АТIЭ НОБЭ адыгэлI щэдаа - щэр зыхэмытыж лъэпкъыр дымыгIуэмэ, хэт гуIэпхъэр? Сэри зысхуэмыубыдыжу согуIэ, абы и шыпхъуэхэр, и кьуэшхэр зэрыгIэм хуэдэу. Ярэби, абыхэмрэ сэрэ нэхъыбэ зыфIэкIуэдар хэту пIэрэ? - жызоIэ. Абырэ дрэ дызэкъуэшуи дызэнибжъгъууи щытакъым, абы и кIуэгъу-жэгъухэми сахэтакъым, зыгуэр зыхуищIахэми сащыщакъым. Ауэ сэ кьэсщIэжым ар си Iустазэ, си уэщIакIуэу щытащ. Иджы сыслопльэкIыжри, сльагъур сыт? Кьщокъуэм ижь кьысщIихуамэ, сэ литературэми щIэныгъэ-ми щызлэжьар нобэ зэрыщытым нэхърэ кудкIэ нэхъ лъахьшэ сфIэхьунут. Сэ нэхърэ нэхъыжьхэми си ужькIэ кьалъухаэхэми - ар тхакIуэ щы, е щIэныгъэлI щы, е тхыльдеж щIэн - зы щыху кьахэщIыфынкъым Алим и дыгъэ кьытемыпсауэ, гупсысэ тельджэ кьэрымытауэ. Щоджэнщыкю Алий и ужькIэ лъэпкъым гупсысэ и IуэхукIэ игъуэта зыужьынигъэр Алим хуэдизу зыгъэжIуэтэфа сэ сщIыхуркъым.

«Шум и гъуэгу» тхыльыр кьызэрыдзкI лъандзрэ усакIуэ щэджащэм псалъэ куэд гъащIэ гъуаэз схуищащ, а псом кьахэлыдыкIыу си гум кьинар «Насып мыуэр зэгъуэгъ» ращэр Махуэт и гуэрыгъуэ щыхуэмей» жыхуиIэращ. Ар сэ ноби си девизщ.

Лирикэрэ романкIэ КIыщокъуэм ящэ ищын кьытхэлакъым. Сэ абы кьызэгъэщIыр кьым адыгэ литературэм и зышэфар. Абы щыгъуи, а цIыхухэр ди кьэрал иным и хэкупсэ нэсхэщ, СССР-м ис адрей лъэпкъхэм я бын псоми хуэдэу псэемыблэжу бий бзаджэм пэщIэту. Iуэхур тынщ цIыкIуу щытакъым. Ешэ КIыщокъуэми ар мызэ-мытIэу къыщыхигъэщащ литературэм, творчествэм екъэлIауэ итхахэм. «Ди зэманым псэу цIыхум и образ - зыми хэмыгъуэщэну зэщIэкъуауэ, зыщIыщ лъэпкъкIи псоми кьахэщу, ауэ щыхъукIи, дунейпсо цIыхубзэм и кIалэнхэм, усакIуэм («поэтым» жиIэмэ, нэхъ кьищтэ хуэдэщ Алим, а псалъэм нэхъыбли къызэщIеубыдэ) гъащIэм щыIэ, щIыIгъым хуей увыпIэм... УсакIуэу абы иримыгъазэ, иримыгулэз щыIэу къыщIэкIынкъым. Алим кьалэм къызэрищтэрэ ирогумэщI усакIуэм и цIэ лъапIэр, лъагэр щIыхь пылъу зехьэн Iуэхум, а

Тхыгъэ ягъэпажэхэр

Зы ныбжькъым икIи ныбжьитIкъым Алим и усыгъэ зкъгъэрурэм, и роман купщIафIэхэм щIапIыкIар. Адыгэбзэм и IэфIыр зыхэзэщIэну хуей дэтхэнэми нэхъ игъэпажэ дыдэхэм ящыщщ абы и тхыгъэхэр, лъэпкъыр щыIэхуэкIи, щэч кIэмыльу, ди литературэм и жьантIэм Алим и цIэр жьгъырууэ кьыдэIуКIынщ.

IутIыж Борис

ПЭЖЫР и гъуаэзу, лIыгъэ хэлъу, гуащIафIэу дунейм тетащ, лъэпкъыр зэрыгушхуэн Iэужь дахэ куэд къыщIэнащи, цIыхухэм я гум зэи ихункъым КIыщокъуэ Алим и цIэр, псори дызэрыгушхуэ вагъуэу лъэпкъ щэнхабзэм и уэгум лъагэу итынщ.

IУТIЫЖ Борис,
КъБР-м и цIыхубз тхакIуэ. 2004 гъэ.

Щэблэм я пщэрылъыр

УмыгъэщIэгъуэнкIэ Iэмал зимыIэщ зэхэщIыкI зиIэ цIыху мы дунейм кьызэрытехъуэрэ зытеусыхь темэхэм КIыщокъуэ Алим езым и епльыкIэ щхьэхуэ - ар дахэрэ купщIафIэу - кьызэрыхъугъэтыр. Абы хуэдэщ цIыхуу зызыльытэжым и псэукIэм, усакIуэм и пщэрылъым, дунейм и зэхэлъыкIэм, гъащIэм и мыхьэнэм теухуа тхыгъэхэр.

АПХУЭДЭУ кьэплъытэ хъунущ тхыдэм, дунейм и дахагъэм теухуа усэхэмрэ поэмэхэмрэ. Псом хуэмыдэу гу зылъыуегъатэ усакIуэшхуэм и пейзаж лирикэм. Ар ауэ дахагъэ гуэрхэр къыщыгъэльэгъуа тхыгъэ къудейхэкъым, атIэ икIи гупсысэ куэдкIэ гъэнщIа усыгъэхэщ.

«Адыгэ уафэ», «Адыгэ хэку», «Зеич лантIэ», «Ди унэжь», «Уи хэку жыг закъуэ фIэкI имытми», «Кхъужьей къудамэ», нэгъэщIу усэ телъыджэ куэдыр ди лъахэм и фэепльэ дахэщ, къэбэрдей литературэр зэрыгушхуэщ.

КIыщокъуэ Алим дежкIэ анэдэлъхубзэр ауэ зэрыпсалъэ, зыхэпсэукIын зэрыщэригъэпэщ Iэмэпсымэкъым, атIэ псэм и зы Iыхьэщ, езы дыдэм и цIэр зыгъэIуриа е бзэращ. Ауэ бзэр ар зи Iэщ Iагъэм ищIэн хуейуэ, адрейхэр абы хуэхъеими хъуну аракъым:

Бзэ зимыIэр,
щIыIъэм тетми,
Хуэдэ кьабзэщ
къамыльхуам.

Апхуэдэу бзэм теухуа усэхэр зы гупышхуэ мэхъу, зым нэхърэ адрейр нэхъ екIуу, гупсысэ куукIэ гъэнщIауэ. Ахэр анэдэлъхубзэм щхьэкIэ ятхауэ дунейпсо поэзием хэт усэ нэхъ гурыхь дыдэхэм ящэджэжу жыпIэ хъунущ.

КIыщокъуэм и поэзием и лъагапIэщ и лирикэр. Ди лъэпкъ поэзием дежкIи, Кавказым и лъэпкъхэм я поэзием дежкIи ар щапхъэщ. Апхуэдэр кьызэхъуIар КIыщокъуэрщ, икIи ар а усакIуэ ударэм и хэлъхьэныгъэшхуэ зэкъэбрдей поэзием хуэхъущ.

КIыщокъуэ Алим зэрыусакIуэшхуэм, абы и поэзиер ди адыгэ лъэпкъ литературэм и хъугъуэфIыгъуэ ину зэрыщытым щэч хэлъкъым. Ауэ тхакIуэ щэджащэм и поэзием зыкIи небдзых хъунукъым и прозэр - романхэр, пьесэхэр, повестхэр, хъыбархэр, публицист тхыгъэхэр. Псалъэм кьыдэкIуэ жыг-Iэнщи, КIыщокъуэ Алим и творчествэр зэрыщыту кьызэдэпщтэмэ, абы и зы дамэр поэзиеращ, адрей дамэр абы сыткIи пэхъун прозэрщ.

КIыщокъуэм и тхыгъэхэмкIэущиен къудейр, е гиеныр, е цIыху гуэрэр идее гуэррэ хэIэтыкIауэ гъэльэпIэныр кьалэн зыщищIыжыркъым. Абы и пщэрылъыр кьэIуэтэнкIэ гъэлъэгъуэныпрэщи, гъащIэм щыщ зы пычыгъуэпхуэ ди нэгум кьыщIегъэхьэж - зыри тримылъащIэу, имыбзыщIу, езым и епльыкIэри залымыгъэкIэ кьытпимыубыду.

ТхакIуэ уардэм и Iэужь псоми щхьэхуэ-щхьэхуэрэ дытепсэлъыхьын тхуэзэфIэкIыну кьыщIэкIынкъым. Ауэ КIыщокъуэм Хэку заузшхуэм тритхыхьа «Нал къутам» и гугъу дымыщIу дыбдэкI хъунукъым.

Мы тхыгъэр ищхьэкIэ дызытепсэлъыхьа тхыгъэхэм зыкъомкIэ поджэж. Быдэщтэмэ, мыбыи зы лIыхьужь нэхъыщхьэ закъуэ кьыпхухэгъэщхьэкIыпIуэкъым. Ар икIи Албиянщ, икIи Апчарэщ, икIи Локотошщ, икIи Къуэшрокъуэ Дотийщ е Бекъанщ. Нэхъ тэмэму жыпIэмэ, ар лъэпкъым и цIыху панэжьащ, езы лъэпкъырщ.

Псом япэу тепсэлъыхьын хуейуэ кьыщIэкIынщ романымрэ гъащIэм и пэжымрэ зэрызэхущытым, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, а Iуэхугъуэрщ 1974 гъэм псалъэмакъышхуэ къыргъажьэу тхакIуэр хьэIупс ящIыну зэрыхэтам и цIыхуэсыгъуэ нэхъыщхьэр. Ар зыубгъэм я нэхъыбэм жаIэрт Iуэхуэр зэрекIуэкIа дыдэмрэ ар романым къызэрыщыгъэльэгъуамрэ зэтемыхуэу. Абы щыIуэми щапхъэу къахьыр Iуэхугъуэ щхьэхуэ гуэрхэрэт, псалъэм папщIэ, колхоз мылькур гуэшын щыщIадзар, нэмыщIэхэр Бахъсэн къызэрызэпрыкIар, а зэманым республикэм кьулькъушхуэ зезыхьэу исахэм я Iуэхуэ зехэжьар, нэгъуащIхэри. А псор зэрыщыта дыдэмрэ авторым кьызэригъэльагъуэмрэ яхуэзэхуэгъэхъуртэкъым, романым щыжыIаХэр пцIыуэ яльытэрти, КIыщокъуэр абыкIэ ягъэхъуанщэрт. Абы щыгъуэми, зым игу кьэкIыжакъым зи гугъу ящI тхыгъэр тхыдэ кьэхутэныгъэу, кьэхъуа Iуэхуэм я пэжырыIуатэу зэрыщымытыр, атIэ ар зэрыуджеесственнэ произведенэр, эстетикэ хабзэкIэ гъэщIэн и купщIэр кьэзыIуатэу зэрыщытыр.

Ауэ тхакIуэм кьызэригъэльагъуэмкIэ, сыт хуэдэ щыгъуагъэ щымыIами, хэт сыт хуэдэ щыщIэныгъэ хэмыльами, бийр сыт хуэдэу бзаджэрэ лъащIу щымытами, фIыр текIуэу зи налыр къутар хэкум кьихьа зэрыпхъуакIуэхэрщ. Ди гугъэщ тхакIуэм и идее пажэу щытар ар гъащIэм и хабзэ нэхъыщхьэр кьэгъэльэгъуэныраIуэ.

ТхакIуэшхуэ-усакIуэшхуэм и творчествэр щIэныгъэ I, критик куэдым кьапщытэ, диссертацэхэр, тхыльхэр, статьи инхэр абы тратхыхь. Пэжыр жыпIэмэ, КIыщокъуэ Алим адыгэ литературэм, урысейпсо, дунейпсо литературэм хэльхьэныгъэу хуищIам гулъытэ нэхъыбэж хуэфащэщ. Ар я пщэрылъщ кьакIуэнур зейхэм - ди щIэбгъэм.

ГЪУТ Iэдэм,
филологие щIэныгъэхэм я доктор.

Гъут Iэдэм

Адыгэ тхакIуэ щэджащэмрэ абы и цей екIумрэ

Епщыкlубгъуанэ пIэщIыгъуэм псэуа урыс тхакIуэ куэдым жаIэу щытащ: «Дэ псори дыкьыззрыкIар Гоголь и «Шинель»-рщ. Епщыкlыз пIэщIыгъуэм хальхуа адыгэ усакIуэхэм жытIэ хуэну кьысфIощI: «Дэри дыкьыкIуэщIыкIащ дуней псом КIыщокъуэ Алим кьаригъэщIыхуа адыгэ цей дахэм».

ДЭ ДЫТЕТщ а лIы Iущ, лIы хахуэ, зэчиишхуэ АлыхьыкIыщ къызэритам и «Шум и гъуэгум», дыщыпсэу щIыналъэр «ЩIалэгъуэ щIыналъэщ»; ди псыхъуи дэлъыр, ди кьурши щыIэр «Мывэ уиабэщ»; дишми ди нэкIуми тель «Дамыгъэр» адыгэ лIыхьужьыгъэм и дамыгъэщ, лъэпкъыу дунейм тетым кьытхуаший «Батырыбжьэ» - дынартщи, кьэдлжьаащи, тхуэфащэщи. А псор зи фIыщIэр, псом япэраущ, КIыщокъуэ Алимщ.

Сэ икъукIэ сынасыпIфIэщ зэман пыухыкIа гуэр Алим и гуэсэу зы щы кIапэ сызэрытетамкIэ. Сэ тIуащIэу сынасыпIфIэщ ар фIыуэ си цIыхугъэу, уеблэмэ, куэдкIэ нэхъыкIыми, си ныбжьэгъу гъунэгъуу зэрыщытамкIэ. Дызэхуэзэу, дызэпсальэу, дыщызэпэIэщIэм дызэхуэтхэу етхьэкIащ дэ.

Си пащхьэм ильщ КIыщокъуэ Алим и усэ тхыльыщIэ «ЩхьэлыкIуэ» зыфIищар. Езым и Iэкlэ тхауэ, машинкэкIэ темыдзауэ. Тхыльыр икIэщIыпIэкIэ дунейм кьызэрытехьэнум щэч хэлъкъым. Псалъэ гууз гуэрхэр кьыдыщIигъуат Алим мы Iэрытхыр си деж кьыщигъэхьым, нэхъапэIуэкIэ телефонкIи и гугъу кьыскъуищIат. Абы щыщ сатыр зыбжанэ кьызоих, и иужьрей тхыльым «ЩхьэлыкIуэ» щIыфIищари, езым, дунейм ехьжьын и пэ, и гум щыщIэу щытари къжIыу ящIэрэ. Псалъэ гууз гуэрхэр кьыдыщIигъуат Алим мы Iэрытхыр си деж кьыщигъэхьым, нэхъапэIуэкIэ телефонкIи и гугъу кьыскъуищIат. Абы щыщ сатыр зыбжанэ кьызоих, и иужьрей тхыльым «ЩхьэлыкIуэ» щIыфIищари, езым, дунейм ехьжьын и пэ, и гум щыщIэу щытари къжIыу ящIэрэ. «Зи гугъу ещIа тхыльыр мыращ. Тхыльыр нэхъ Iув схуэщIынут, ауэ си кьарур кьемэщIэкIащ... МысыхьткIэ си кьарум хэщI защIэурэ йокIуэкI. Зыгуэр кьысщымыщI щIыкIэ зэ закъуэ ди дей сыкIуэжу сльагъуну сигу кьызыхуэжIэхэр слъагъужащэрэт жыслэу, сигури си псэри фи деж кIэ нэгъэзауэ сопсэу».

КIыщокъуэ Алим зыщIысыр щхьэлыкIуэдэсхэми, Къэбэрдей-Балькъэрми, Урысейми фIыуэ къагурыIуэу кьыщIэкIынщ. Нэхъыбжьу кьыщыдгурыIуэнур нужькIэщ. А «нужьыщ» абы и гъащIэри - ар Тхьэм кIыхь дыдэ ищI.

БИЦУ Анатолэ,
усакIуэ, КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ.

КIыщокъуэ Алимрэ Бицу Анатолэрэ ПсыкIэху зэпрокI. *1989 гъэ*

Игъащ IэкIэ кIуэдыжынукъым

Къардэн Хьэсэн

КIЫЩОКЪУЭ Алим сцIыхухэтэкъым, и усэ тхылъ кьасщтэу сыщеджам, нэхъ тэмэму жыпIэнумэ, Ленинград консерваторэм сыщыщIэсым сыкъэльэIуэри кьысIэрагъэхьат, уэрэд ехуэхъун усэ кьэсльыхьуэрти.

Зэуэ сыдахьэхащ Алим хэкум, цIыху лъагъунытым ятеухуауэ къиIуатэ гупсысэхэм, абы хэмыгъэ I ущIэ, псом хуэмыдзу Жырыкъ Заур кьихьуIащ КIыщокъуэм и лириком хуэфащэ макьамэ кьигъэIутыну.

Макъамэ гъуазджэм ехьэлIауэ КIыщокъуэр дигу кьыщIэдгъэкIыжьи хуей псом ящхьэщ музыкэ училищэ 1957 гъэм ди республикэм кьызэрыщызэIуахар. Министрхэм я Советым щылажьэрт ар абы щыгъуэ, мы Iуэхугъэ зэфIэкIыным жыджэру хэтащ. Абы кьинэмыщIауэ, Къэрэшей-Шэрджэсымрэ Адыгеймрэ сигьакIуэри, щэнхабзэм хуеджэн щIалэгъуалэ кьысшэлIащ.

Куэд хузэфIэкIащ Алим, и лэжьыгъэ кьызэриненкIар игъащIэкIэ кIуэдыжьынукъым. Дэри ди насыпщ жыщIэхь махуэ хьуху ар зэрытхуэлажьамкIэ, лъэпкъым и щэнхабзэм зиужьыным хэлъхьэныгъэфIхуэзыщIыфынщ цIыху Тхьэм кьызэрыдипэжамкIэ.

КЪАРДЭН Хьэсэн,
композитор, Урысей Федерацэм и цIыхубз артист.

● Гъэзджэ



Ерокъуэ Бишер

Дер Анас

Ерокъуэ Бишеррэ Дер Анасрэ къыхалъхьэ

Сэрэтъп Мадинэ и Арт-центру Налшык дэтым щекIуэкIащ сабийхэм щхьэхуэкIэпгъыкIэу яджэн хуей сурэтхэр зэрыщIыхьа тхылъ дахэм (раскраска) и «Гъэтхэ» пшыкъ. Абы и гъэжьыгъэхэм гъэпкъ гупсысэр зэрилъабжьэр, адыгэ фащэкIэ хуэпа щIалэ цIыкIумрэ хъыджэбз цIыкIумрэ я дунеймкIэ ныбжьыщIэхэр гъащIэм зэрыхигъэгъуазэр гуапэщ.

КАВКАЗЫМ щыпсэу лъэпкъхэм къадэгъэгурыкIуэ шыпсэхэр я лъабжьэу гъэхьэзырын зыщIадза тхылъ цIыкIуэм я япэщ мыр, и бжыгъэр миниц хъуэу дунеим кьыгехьащ. Ар езыгъэжьар «One Light Studio» Iуэхущ1апIэрщ, жэрдэмыр зейр Сирием къыщалъхуа, илъэс зыбжанэ ипэкIэ Хэкум къэзыгъэзэжа Ерокъуэ Бишерщ. Сурэтхэр ящIащ а къэралым щыщ, адыгэ сурэтыщI Дер Анас.

Зэхуэсым и щхьэусыгъуэ гуапэр пшыхьым зыкърезыгъэхьэлIахэм яжриIащ ар къыдэIуэныха икIи езыгъэкIуэкIа, «Горянка» газетым и корреспондент Битокъу Маринэ икIи бысымым япэ псалъэр иритащ.

- ХьэщIэщ щIыкIэу къыздгъэпэщ хабзэ пшыхь гуапэхэм ящыщ зыщ мыр, ауэ, ди гуапэ зэрыхъунщи, нобэ цIыху нэхъыбэ кьрихьэлIащ, нэгъуэщI кьэралхэм щыпсэу ди хэкуэгъуэхэм яхэту, - жиIащ Сэралъп Мадинэ. - Мыпхуэдэ щIалэщIэхэм Iуэхуфl зэралэжьыр си гуапэщ, атIэми мы лъэныгъэм хуэдэ зезыщыта дниIэкьым. ДыкъызыхэкIам и фэ зэтплъ мы тхылъ цIыкIур гунэс щыхьэуащ, абы кьыкIэтъыкIуэныр сыщогугъ. Си бынхэр нэхъ цIыкIуу щытамэ, шэч хэлъкьым мыр кьызрагъэсэбэпынум, ауэ абыхэм яхуэкIуэн Iэдакъэщ1экIэмкIи мыгувэу дызэрыбгъэгуфIэнур хьэкъ сщохьу. ФефIэкIуэну, фызыхуей псоми щIалэхэм фи Iэр техуэну си гуапэщ.

- Иджыри Сирием сыщыщыпсэуэм, абы щыIэ Адыгэ Хасэм дыщыкIуэ зэманым, сегупсысырт мы лъэжьыгъэ, Хэкум апхуэдэ куэду щыIэуи си нэгу кьыщIихьырт. СыкъэкIуэжа нужь апхуэдэ зыри зэрыщIмыIэр кьыщысщам, хуабжьу згъэщIгъуауэ щытащ, - кьыддогуашэ Ерокъуэ Бишер. - Фигу ирихьмэ ди гуапэщ, цIыху щхьэхуэхэми сабий садхэми кьаэзрыхуэсэбгъпынур шэч зыхэмыльщ. Гъунэ зэриттIьа лъэныгъэр псэгъэгуфIэ фхуэхъуу, абы адэкIэ хэтлъхьэфынмкIэ зи чэнджэщ кьыдэзыхьэлIэнуэр щыIэмэ, ди гуапэ хъунущ.

КъыкIэлъыкIуэу псалъэ ираташ Дер Анас. Абы кьыхигъэщащ Iуэхур щрагъажьэм Кавказым щыпсэу лъэпкъхэм я щэнхабзэр, хабзэр тхылъым лъабжьэ хуащIмэ нэхъ кьыззэращтар, щIэбгъэр хэкупсэу, лъэпкъыпсэу къэгъэхъунымкIэ ар сэбэп хъуну кьаззрыщыхьур. Апхуэдэуи фIыщIэ хуищIащ Iуэхур кьадзэзыIыгъахэу ХьэIупэ Анзор, Емкъуж Анзор, Сэралъп Мадинэрэ Битокъу Маринэрэ, Зэрыгурыуэгъуэщи, япэу узыпэрыхьэ Iуэхум, псалъэ кьудеикIэ мыхъуми, утезыгъэгушхуэ, щIэгъэкъуэн кьыщыпхуэхъу цIыхум кьыпхунимыщIа щыIэкъым, и фIыщIэри бгъэкIуэд хъунукъым.

Бишеррэ Анасрэ зыцIыхуэхэм, абыхэм я Iуэху зехьэкIэм мащIи-куэди щыгъуазэхэм ящыщу къэпсэлъащ цIыкIумрэ Iуралъхьа псалъэхэр роликым щызыгъэIуэхэр.

ЩIыхьэкIэ мащIэу кьыззрыхэдгъэщащи, Бишеррэ Анасрэ я мурадыр къэрэндащ зэмыфэгъукIэ лъэжьн хуей суратхэр зэрыт мы тхылъ цIыкIум и деж кьыщцыубыIэркъым. Абы кьыкIэлъыкIуэнущ нэгъуэщI апхуэдэ лъэжьыгъэхэр, анимацэ сериалхэр, мультфильмхэр, таурыхьхэр щызэхуэхьэса тхылъхэр. КIэщIу жыпIэмэ, Кавказ лъэпкъхэм я гупсысэр зыщIэлъ лъэжьигъэ гупу щытынущ.

- Ди гугъэщ Iуэхум сурэтыщIхэр, дизайнерхэр кьыхэтщIэну, сабийхэм сурэт ящIу, компьютеркIэ таурыхъ теплъэхэр зэхэгъэувэфу щагъасэ гупжьей кьызэдгъэпэщыну, - кьыджиIащ Дерым. - Нобэ фIъагъу тхылъ цIыкIур ди закъуэ кьарукIэ тщIащ, мылъкуу кьыпэкIуэнымк, пэжыр жыс-Iэнщи, дыщыгугъыркъым. Ауэ апхуэдэу зэпымыууэ уи закъуэу улэжьфынукъым, уи Iуэхурн лъэныкъуабэ пфIэхъунущ. Iэмал имыIэу цIыху дыхуейщ, тщIэр кьыддаIыгъыу, дызыпэрыт Iуэхум фIыуэ хащIыкIыу, ди хэщIапIэри нэхъ ин тщIыну ди хъуэпсапIэщ.

КIыхъэгъэщIпхъэщ Дер Анас Къэбэрдей-Балъкъэрым зэрыщеджар, программист Iэщ1агъэр зригъэгъуэту Сириемрэ ягъэзэжа нужь, анимацэ лъэжьигъэм хуэунэтIа Iуэхущ1апIэм зэрыщцIлъэжьар. «Абы кьыщIигъэкI хьэпшыпхэр Хьэрыт псом щызэрапхъуэрт, - кьыджиIащ Бишер. - Зэгъэр дызэрихьэлIэу Анас сэрэ дыщцэпсалъэм дызэгурыIуащ мыпхуэдэ хьэпшып гуэр тщIыну, зэрынэрыльагъущи, щIэнишэрыпсальи дыхъуакъым. АдэкIи ипэкIэ дыкIуэтэн мурадыр диIэщ». Илъэс ипэкIэ Анас къэкIуэжащ Къэбэрдей-Балъкъэрым, тхъэм жиIэмэ, щыпсэунри и гугъэщ.

Я хъэпсапIэр зрагъэхъуIэным гугъуехьу пылъахэм дыщыщIэупщIэкIэ Анас кьыджиIэ:

- Уи нэ кьыхуикIыу узыпэрыхьэ Iуэхум пхуэзфIэмыхьан кьыхэкIыныкъым. Нэхъ гугъу дыдэу си гугъэр узэрыщтэIэщтабгъэрщ, дауэ къагурыIуэну, сыт хуэдэу кьащхьхъуну пIэрэ жьпIэу. – Ауэ ущыскIи Iуэхур кIуэтэнутэкъым. Дызэрытегушхуам дыхущIегъуэжьыркъым. Сабийхэм ягу зэрырихьыр доIагъури, абы ди лъэр щIегъэкI. ЩIэблэм и лъэпкъым теухуауэ нэхъыбэ илъагъуу, зэхихыу кьыдэкIуэтенн хуейщ, зэрыгушхуэн иIэн папщIэ.

ЗэIущIэм и кIэм гу лъыстащ Бишеррэ Анасрэ бзылъхугъэ зыбжанэ къаззрыбгъэдыхьам. Ахэр Налшык и сабий садхэм я лэжьакIуэт. Цыхубзхэм щIалэхэм лъэIукIэ зыкъыхуагъэзащ методистхэм я зэIущIэм яхуеблэгъэну, тхылъ цIыкIуми и гугъу хуащIыну. Бишеррэ Анасрэ ягу ирихьащ кьыжраIар, я лэжьыгъэм щIэгъэкъуэн кьащIыхъуэхьун зэрыщIэр я гуапэ хъуащ.

Тхылъыр сабийр гъэзэныжкIэ зэрысэбэпышхуэм кьыдэкIуэу, саугъэту птыну, хэкум икI тыгъэу хэхэс адыгэхэм ялъэбгъэIэсыну уасэ иIэкъым. Бишер и мурадхэм ящыщщ республикэм и кьуажэ, кьалэ псоми, Кавказым и нэгъуэщI щыналъэхэми ар ятьинчъэIэсыныр, хамэ кьэралхэм иригъэшэныр. Лъэныгъэр тхылъ щапIэхэм щывгъуэтынущ, и уасэр сом 95-рэщ.

ИСТЭПАН Залинэ.
Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

● БэнэкIэ хуит

Урыш Анзор дегъэгуфIэ

БэнэкIэ хуитымкIэ Дунейпсо кубокым и зэпеуэ Америкэм и Штат Зэгуэтхэм щекIуэкIащ. Урысейм и командэ кьыхэхам хэт ди лъахэгъу Урыш Анзор зэхьэзэхуэм и япэ махуэм хьэрхуэрэгъу кьыхуэхьуа, дунейпсо чемпион Алтадов Ибрэхьим (Украинэ) гугъу демыкIыу хигъэщIащ.

КIЭУХ зэIущIэм Урышым и зэфIэкIыр нэсу кьызыкъуихыфакъым икIи Лондон щекIуэкIа Олимпиадэм етIуанэ увыпIэр кьыщызыхьа Пашгар Эсхан бжыгъэр 2:1-уэ фIихьэхурн, кьыпIысар дыжьын медалырц.

Командэ зэпеуэм Ираным и гупыр щытекIуащ. Урысейм и бэнакIуэхэм етIуанэ увыпIэр кьахьащ. Бысымхэм - США-м и командэм - жэзыр яIыысащ.

Боксёр нэхъыфI Мэзыхьэ Резуан

«Спортыр терроризмэмрэ наркоманиемрэ я бийщ» кьыхуеджэныгъэм щIэту «Псыгуэнсу» спорт комплексым щекIуэкIащ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Къэрэшей-Шэрджэсымрэ я боксёр нэхъ лъэщхэм я зэпеуэ. Абы хэтащ цIыху 48-рэ.

ЗэХЬЭЗэХУЭР кьыщызэIуахым абы кьрихьэлIахэм фIэхъус псалъэхэмкIэ зыхуагъазащ КъБР-м спортымкIэ и министр Афlэунэ Алъэнэрэ алъдж-урым бэнэкIэмкIэ Олимп Джэгухэм я чемпион Хьущт Алъэнбэчрэ.

- Жылагъуэм дежкIэ щынагъуэ, цIыху гъащIэ минхэр зыхь терроризмэмрэ наркоманиемрэ япэщIэтыным щIалэгъуалэр жыджру кьызэрыхьыхьнур, а щхьэхъ бзаджэхэм земыгъэубгъуным хэлъхьэныгъэ зэрыкъуащIынур республикэм и унафэщIхэм я фIэщ мэхъу,- кьыхигъэщащ министрым.

Дэтхэнэри текIуэныгъэм ерыщу хэупабгъэу екIуэкIа зэхьэзэхуэм щытекIуэхэм ящыщщ ди боксёрхэу Тогузаев Ибрэхьим, Мэзыхьэ Резуан, КIэрэф Тимур, Энеев Кязим, Лэшкэн Хьэлым, Бабаев Зейтун, Жан Мурат, Макитов Хьэсэн, Рахаев Асхьэт, Иссаратов Хьэмзэт, Чочаев Зариф, ЧеркесовИслъам, Елеков Джэбрэил, Атабиев Ахъмэт, Аджэрий Темырлан, Акулов Алим, Гадиев Темырлан, Моккаев Магомед, ТохъуИслъам сымэ.

Зэпеуэм и боксёр нэхъыфIу кьалъытащ щхьэлыкъуэдэс Мэзыхьэ Резуан. Зэхьэзэхуэм кIэлъыплъахэм ягу дыхьащ БозиевИслъам (Бабугент), Лэшкэн Залым (Псыгуэнсу), Типов Хьусэй (Хьэсэнэй), Мэремкъуй Аэрэт (КъШР) сымэ. «ТекIуэныгъэм зэрыхуэпабгъэм папщIэ» саугъэтыр КъШР-м и боксёр Къуэдз Амир хуагъэфэщащ. «Техникэ нэхъыфI» саугъэтыр ЧеркесовИслъам (Къэщкъэту) лъысащ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.
Сурэтыр **Елькъэн Артур** *трихащ.*

Маркуэ лIэужьыгъуэ

● Узыншагъэ

Эхинококкозыр – ар цIыхум и Iэпкьлъэпкъым зыщаубгъукIэрэ маркуэ лIэужьыгъуэхэм кьагъэхьу узыфэщ. Абы Iэпкьлъэпкъым аллергие кьрет, псом хуэмыдэу тхьэмщIыгъумрэ тхьэмбылымрэ я зэран йоK.

ВЕТЕРИНАР кIэлъыплъынысгъэмкIэ къэрал Iуэхущ1апIэм 2013 гъэм иригъэкIуэкIа кьэхутэныгъэхэм кьызэрагъэлъэгъуамкIэ, Iэщ яуклахэм ящыщу 2440-м я узыфэр яIэт. Абыхэм ящыщу процент 49,5-р кхъуэщ, процент 31-р Iэщ цIыкIуэрщ.

Узыфэр кьэзыгъэхьу хьэпIащ лIэужьыгъуэхэм бэгъуэн ныбжьым щитым и деж я псэупIэр джэдуэ, хьэм, дыгъужьым, псэхэлIэ зыих нэгъуэщI псэущхьэхэм я кIэтIий псыгъуэрщ. Хупс щыкIэу щыщытым и деж а хьэпIащIэхэр цIыхум, унагъуэ Iэщхэм я кIуэцIым щопсэу. Абдежьм а хьэпщхупщым зыщеужь, абыхэм кьадохри дунейм кьытохьэ. Псом хуэмыдэу а узым зиубгъуныжьмкIэ щынагъуэ хьэхэрщ. Абыхэм узыфэр кьапкърохьэ зэкIуэкIа лы е псэхэлIэ хьуахэр щашкIэ.

Си гугъу тщIы узыр зыпкьрыт псэущхьэрщ цIыхур кьэзыцIалэр, абыхэм я цым, бзэгум, апхуэдэуи кьэкIыгъэхэм, псы фIейхэм ящорохьэлIэ ар зэбгрызыих джэдыкIэ цIыкIуэм.

Хупсыр цIыхум и кIэтIийм зэрынэсу, зэуэ абы и Iэпкьлъэпкъым зыхегушэ. Нэхъыбэм тIысипIэ ящI тхьэмщIыгъур, языныкьуэхэр тхьэмбылым, жьэжьеIм, щхьэ куцым кьыщоувыIэ. Мазитху дэжа нужь, абыхэм псы зрищIа купсэ кьаIуэхьэхуэ тэнэкъым, цIыхум и Iэпкьлъэпкъым кьытехьэлъэу мэхъу.

Республикэм и сымаджэщхэм я жиррургие кьудамэхэм маркуэ купсэм тхьэмщIыгъум, тхьэмбылым зэрызыщIыубгъуам кьыхэкIыу илъэс кьэс ику иту цIыхуи 8-10 операцэ щащI. Куэдрэ кьыщыхъу щыIэщ а узыфэм зэуэ тхьэмбылри тхьэмщIыгъри щиубыщ. КьыхэгъэщIыгъум, тхьэмбылым зэрызыщиубгъуам кьахутэр цIыху балигъэрауэ зэрыщытыр, кьищынэмыщIауэ зи ныбжьыр илъэс 14-м нэмыса сабийхэми я процент 50-м ар яхуэлъэщ.

ЦIыхум а узыфэр зэрыпкьрытыр хэтIэсауэщ кьызэрахутэр, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ абы и узыншагъэм зэхъуэкIыныгъэ гуэрхэр иIэу пIалъэ кIыхьыкIэ кьыпхуэщIэркъым. ИужькIэ, и Iэпкьлъэпкъыр хьэлъэ хьун щIидзамэ, Iэщ1агъэлI зэхуэмыдэхэм я дежи кIуэурэ хотIасэри, операцIэ ящыщ куей мэхъу.

Эхинококкозыр кьэпхутэн папщIэ, лабораторэ кьэпщIтэныгъэм нэмыщIкIэ, УЗИ, рентгенографие, компьютер томографие егъэщIын хуейщ. Пэжщ, яджырей медицинэ Iэмылыщ1эхэр хэмыту узыфэр зыкуэдэр тынщу кьыпхуэхутэнуекъым, ауэ сымаджэм и гъащIэм, и лэжьыгъэр зыхуэдэм, абы и щытыкIэм зэрызихьуэжам текуэуу упкьрыупщIыхьмэ, язынысгъэхэм деж кьыпхуэщIэнущ абы и Iуэху зыIутыр.

Узыфэм зыщыпхьумэн папщIэ, хьэм уеIусамэ, хадэм ущылэжьамэ, Iэмал имыIэу уи Iэр кьабзэу птхьэщIожьын, хадэжькIэр, пхъщхьэмыщхьэхэр кьзбгъэсэбэпын и п1 фIыуэ бгъэкъабзэн, псыр кьэгъэкъуэлъэн хуейщ.

ЛЕОНОВЭ Ириндж,
УФ-м Щыхуэхэм я хуитныгъэмрэ зэпэщынысгъэмрэ кIэлъыплъынысмкIэ и федеральнэ Iуэхущ1апIэм и кьудамэу КъБР-м щыIэм и Iэщ1агъэлI-эксперт.

Лъэхъэнэ жыжьэм и макъа-

ГъуэзджэхэмкIэ Кавказ Ищхьэрэ кьэрал институтым щекIуэкIащ барокко лъэхъэнэм и клавесинхэм кьригъэкIыу щыта макъамэхэм и концерт. Ар кьызэригъэпэщащ фортепианэ гъуэзджэмкIэ кафедрэм. Щэнхабзэм и илъэсым ящIэну Iуэхухэм ящ мыр.

МУЗЫКАНТ щIалэхэмрэ хъыджэбзхэмрэ еджапIэм япэу щагъэбзэрэбзащ пасэрей макъамэ Iэмэпсымэр.

Клавесин Iэмэпсымэм еуэну хуейхэр гъунэжт.

XVII-XVIII лIэщIыгъуэхэм ятха макъамэхэр щыIуа концертым хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал филармониеи и «Камерата» камернэ ансамблыр, Музыкэ театрым и уэрэджыIакIуэхэр, кафедрэм и студентхэмрэ егъэджакIуэхэмрэ.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.
Сурэтхэр **Мамий Руслан** *трихащ.*

Редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ
ЖЬЭКIЭМЫХЬУ Маринэ

Хьэфыщ1э Мухьэмэд (редактор нэхъыщхьэ), **Жылаэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Истэпан Залинэ, Къардэн Маритэ, НэщIэныдэж Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, ЩIхьэщмыщI Иэ.**



Редакцэм и адрес:
«Адыгэ псалъэ» газетым КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ я пресгъэтхащ (учредителхэр).

КьыдэзыгъэкIэм я хэщIапIэр
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ 42-57-59; щ1ихабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхьумэ Iуэхущ1апIэхэм ядлэжьэныкIэ - 42-60-53; хьыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 47-32-15; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iуэхущ1апIэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжыгъэхэм, кьыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытехэхэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху елыкьыр зэтеуэу зэпыту щытекъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пошт эныщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10.

Газетыр 1994 гъэм мжъауэгъуэм и 14-м Печатым и хуитныгъэр хьэмэныжьмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iуэхущ1апIэм №П-0065-м щIэту ягхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ кьыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытредзащ.
КъБР, Налшык къалэ,
Лениным и щIэкIэ щыIэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

Мы кьыдэжIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Къанщокъуэ Эллэ, редактору Хьэжыкъарэ Алик, корректорхэу Щодкэн Иннэ *(1, 3-нэ нап.)*, Мырзэкъан ФатIимэ *(2, 4-нэ нап.)*. *КомпьютеркIэ газетым и тепльэр ящIащ* Ныр Сандэ, Мэлбахьуэ Анжелэ, *сурэтхэм елэжьар* Бицу Жанизщ.

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Iэнатlэм щагъэхьызыращ.

Газетым Iэ траддзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытраддзар сыхьэт 20-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 4.766 ● Заказ №577